ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№181 (22.339) • 2012 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 19, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adygeale.ru

●Комиссэхэм

ЩытыкIэр зэпкърах

КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэнщагъэмкIэ и советым фокIадэм и 13-м иригъэкIуэкIащ бизнесымрэ инвестицэхэмрэ къэралым зэригъэкIуатэм икIи зэрихъуэкIэм пщыIэ IуэхуэхэмкIэ Iэнатlэхэм я зэдай комиссэм и япэ зэIущIэр.

ЭКОНОМИКЭ, жылагъуэ шынагъуэнщагъэмкIэ советым и секретарь **Ещыгъууэ Руслан** и пэублэ псалъэм къыхигъэщащ хъэрычэтыщIэхэм защIэгъэкъуэныр къэралым и къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр икIи абы и лъэныкъуэкIэ зыхуэфащэ Iуэхугъуэхэр зэралэжьыр. Бизнесым зезыгъэужь федеральнэ законхэр щыIэщ, хъэрычэтыщIэ Iэнатlэ щыкIуэхэмрэ курытхэмрэ пlуным и лейуэ къыпщытэу зымыдэ законодательнэ актхэр зигъэхьэзыращ, къэралым заказхэр къызэрыIах щыкIэр нэхъ зэтес ящIащ, предприятэ бэджэндырылажьэхэм псэуалъэхэр къызэращэху хабзэ щхьэхуэ къащтащ. Апхуэдэу программэ зэмылIужьыгъуэхэмкIэ федеральнэ бюджетым и мылыку хухах. Урысей Федерацэм и Президентымрэ Правительствэмрэ къызэрагъэувым тету, отчетхэр нэхъ къызэрыгуэкI зэращIыным, административнэ лъэпощхьэпохэр зэрагъэмэщIэным, хъэрычэтыщIэ мыиным игъэт къэрал дэIэпыкъуныгъэм зэрыхагъэхъуэным йолажь.

- Мы Iуэхур дяпэкIэ зэпIэзэрыту яунэтIын щхьэкIэ, УФ-м и Президентым и Унафэкlэ, Хъэрычэтыщ Iэхэм я хуитныгъэхэмкIэ уполномоченнэм и Iэнатlэрэ Урысейм и Прокуратурэ нэхъыщхьэм и къудамэ хэхарэ къызэрагъэпэщащ. Къэралым Хъэрычэтыщ Iэхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэм къихуа бжыгъэхэм тепщIыхьмэ, хъэрычэтыщIэхэм яхуэгъэзэауэ Урысейм къыщызэIуах уголовнэ Iуэхуэхэм я процент 80-м лъабжьэ яIэкъым. Судым нэсыр абыхэм я процент 40-рщ, процент 60-р мэлъэлъэж. А Iуэхуэхэм щыхэпльэ зэманым хъэрхуэрэгъуэхэм лажьэнцIэхэм я бизнесыр ябыдэ, Iулъхьэ кыштрах, - кьигъэлъэгъуащ Ещыгъууэ Руслан. - Иужьрей илъэси 5-м хъэрычэтыщIэ Iэнатlэ щыкIуу ди деж щатхым хуэди 2-м нэблагъэкIэ хэхъуащ. Нобэ абыхэм щIыху мин 95-рэ къызэщIаубыдэ, ВРП-м и процент 25-р къызэрагъэпэщащ. Къэралым Хъэрычэтыщ Iэхэм я хуитныгъэхэр хъумэнымкIэ и уполномоченнэм къихуа бжыгъэхэм тепщIыхьмэ, хъэрычэтыщIэхэм яхуэгъэзэауэ Урысейм къыщызэIуах уголовнэ

Ещыгъууэ Руслан

«Бум-Банк»-м и унафэщI Ажахъуэ Къанщобий къэпсалъэ.

●Пшыхьхэр



Гертер Иванрэ Бышэн Аэрэтрэ нэхъыфIхэр ягъэпажэ.

Финансистхэм я махуэ

КъБР-м Финансхэмкlэ и министерствэр къыдэзыгъэгъэпэщрэ ильэс 90 зэрырикъумрэ УФ-м и финанс Iуэхущ Iапlэ нэхъыщхьэр зэрауэурэ ильэс 210-рэ зэрыхьумрэ мэрем кIуэм Налшык щагъэлъэпIащ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ Финансхэмкlэ и министерствэм и махуэшхуэм хэтащ КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, къалэ, район администрацэхэм я лыкIуэхэр, финанс Iуэхущ Iапlэхэм щылажьэхэр.

Ятэу псалъэ эрата КъБР-м финансхэмкlэ и министр **Бышэн Аэрэт** и нэIэ щIэту лажьэхэм ехъуэхъури, кIэщIу кьытеувыIащ Урысейм, ди республикэм нэхъапэкIэ щыIэфIэува Iэнатlэм иIэ мыхьэнэмрэ нобэкIэ и Iуэху зыIутымрэ. Абы къыхигъэщащ УФ-м и Президентым и унафэкIэ, фокIадэм и 8-р Финансистхэм я махуэу зэрагъэувар къэралым и финанс ухуэкIэм и мыхьэнэр зэрыпшынэщ щыхьэт зэрытехьуэр, абыхэм къэралым и зыужьныгъэм хуащI хэхъуэныгъэм жылагъуэм гу лъатэнымкIэ ар зэрыIэмалыфIыр.

- Урысейм ягъэ дыдэу щыIэфIэува къэралI Iуэхущ Iапlэхэм ящыщ финансхэмкlэ къудамэр, - жIащ Бышэным. - Абдеж щегъэжьауэ къэралым и финанс политикэр зэфIэувэн, зиужьын папщIэ къыдэнышхуэ игъэзащIэу кIуэкIуэкIащ. 1921 гъэм ди лъахэм финанс отдел къыщыдзэIуахауэ щытащ. Ящэ дыдэу а отделым и комиссару щытар Филатов Алексейщ, абы лъандзрэ цыхьу 22-рэ пэрытащ а къулыкъум, нэхъыбэ дыдэрэ, ильэс 12-кIэ, финансхэмкlэ министру щытащ Къэзмакъ Иэраил. Тхыдэм ущрилъэжкIэ, фIыщIэ лей яхуэщIын хуейщ ди япэ итахэм, финанс Iуэхур зыубзыхуахэм.

Министрым къыхигъэщащ Финансхэмкlэ министерствэр, Налогхэмкlэ Iуэхущ Iапlэр, Казначействэр, Финанс-бюджет Iуэхуэхэм кIэлыплъынымкIэ къулыкъущIапlэр, Къэзыгъэлъэгъуа лэжьакIуэхэм. Апхуэдэу республикэ, район, къалэ финанс Iэнатlэхэм щылажьэхэм я нэхъыфIхэр ягъэпэжащ КъБР-м и Правительствэм, КъБР-м Финансхэмкlэ и министерствэм я щIыхь, фIыщIэ тхылъхэмкIэ, кIыщынымыщIауэ УФ-м и финанс Iэнатlэм и отличникI бгъэхэлур цIыхуитIым хуагъэфэщащ. Зи махуэшхуэр зыгъэлъапlэ Iэнатlэм и ветеранхэм удз гъэгъа Iэрамэхэмрэ ахъшэ саугъэтрэ ратащ.

Финансистхэм я махуэр ягъэдэхащ КъБР-м и къэфакIуэ гуплэмрэ уэрэджьIакIуэхэмрэ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Пшыхьым кърихьэлIахэр.

Республикэр хуэхъэзырщ

«Кавказ джэгуэр-2012» фестивалыр зэрыригъэкIуэкIынум

УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и къуэдзэ Байсултанов Одес ящIэлIа Москва щыригъэкIуэкIащ «Кавказ джэгуэхэр-2012» ещанэ щIыналъэ зэхуакъ спорт фестивалым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зэрыхуэхъэзырым щыхэплъа зэIущIэ.

АБЫ къырихьэлIащ Урысей Федерацэм Спортымрэ туризмэмкIэ, Щэнхабзэмкlэ и министерствэхэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и субъектхэм я лIыкIуэхэр, апхуэдэу УФ-м и хабзэхуэмэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэр. КъБР-м и цIэкIэ зэIущIэм щыIащ республикэм и Правительствэм и Унафэщ Гертер Иван, спортымкIэ, туризмэмрэ курортхэмкIэ министр Афlэунэ Аслъэн сымэ.

Гертер Иван къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ «Кавказ джэгуэхэр» егъэкIуэкIыным Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зэрыхуэхъэзырым. Апхуэдэу мы Iуэхум УФ-м Спортымкlэ и министерствэр зэрыхэлэжьыхьар зэпкърыхауэ утыку кърилъхьащ федеральнэ министрым и къуэдзэ Нагорных Юрий.

Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм Жылагъуэ хабзэр хъумэнымкIэ и департаментым и унафэщI, полицэм и генерал-лейтенант Демидов Юрий и докладым едэIуэ иужь, зэIущIэм хэтахэм къалъытащ цIыху куэд щызэхуэсыну мы зэхьэзэхуэм хэтыныгъэм щхьэкIэ щынагъуэ щымIэн папщIэ адэкIи пэжыгъэ пыухыкIахэр егъэкIуэкIын хуейуэ. Зэхьэзэхуэхэм я нэхъыбапlэр щекIуэкIыну «Спартак» стадионым щагъэува видеокамерэхэм зыбжанэ щIагъуэжынущ.

Апхуэдэу зэIущIэм щыхэплъащ фестивалым и щэнхабзэ программэр зыхуэдэу щытыными. Мыбы концертхэр щатынущ творческэ гуп нэхъыфIхэм. Апхуэдэу «Кавказыр псоми дэзэуэдэ уэзщ» фольклор-этнографиэ зэпеуэм хибыдэу Абхъазым и уэрэм фестивалым хэтыну республикэхэм я лъэпкъ пщIантIэхэр щагъэувынущ.

ЗэIущIэм хэта псоми зэакъылэгъуу къалъытащ нобэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр «Кавказ джэгуэр» егъэкIуэкIыным нэгъэсауэ хуэхьэзыру. Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэхэу фестивалым хэтынухэм я пщэ иралъхьащ командэ кIыхэхэахэм хиубыдэ спортымрэ и лIэужьыгъуэ псомкIи зэщхьэщыхьауэ ягъэхъэзырыну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэ.

●Зэ1ущ1эхэр

ЩIалэгъуалэм я Iуэху дэкIын папщIэ

КъБР-м и Парламентым деж щыIэ ЩIалэгъуалэ пlалтэм иджыблагъэ зэIущIэ иригъэкIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ илъэсиплI хъуауэ, лажьэ палатэм иджы Жылагъуэ егъэблэгъанlэ къызэрызэIуихым. Ар сэбэп хъунущ щIалэгъуалэмрэ палатэм хэтхэмрэ нэхъ гъунэгъу зэхуэхьуэныкIэ, ныбжьыщIэхэм я Iуэху дагъэкIыныкIэ.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ палатэм и унафэщI Джаппуев Мусэ зэрыжиIамкIэ, Жылагъуэ егъэблэгъанlэм и бжэхэр махуэку кьэс сыхьэт 14-м къыщыщIэдзауэ 17 хъуку зэIухауэ щытынущ. КъищынэмыщIауэ, ар тхьэмахуэ кьэс чэзууэ щылэжьэнущ КъБР-м и ешджанlэ нэхъыщхьэхэм щыIэ студент зэгугъэныгъэхэм я хэщIанlэхэм.

- ЩIалэгъуалэр нэхъыбэу ешджанlэхэм щIэс студентхэращи, дыкъамылъыхьуэу, Парламентым къыщIыхьэн папщIэ бэлыхь хэмыту дызэхуэзэн щхьэкIэ апхуэдэу тщIауэ аращ, - жIащ Джаппуевым. - Палатэм хэт цIыхуитI тхьэмахуэ кьэс зэ лэжьэнущ. Мыпхуэдэ Iуэхур къыщIыхьэзгъэпэщам щхьэусыгъуэ хуэхъур щIалэгъуалэм я нэхъыбэм я Iуэху зэрыдагъэкIын Iэмалхэр зэрамыщIэрщ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, унагъуэщIэ зыуха ныбжьыщIэхэм, хъэрычэтыщIэ Iуэху цIыкIум хыхьэхэм, субсидие хуэдэхэр къыдэзыхьну хуейуэм зызыхуагъэзэнур ямыщIэу, зыкъом зыкъэзэкIухь, йоз эшIри, я пIэ йотIысхьэж.

Дэ абыхэм я Iуэху зэрыгъэхьар занщIэу яхуэзэфIэдгъэкIыфыну жысIэркъым. Ауэ жылагъуэ зэгугъэныгъэм и къалэным хыхьэхэр яхуэтщIэнущ. Гугъуэгу гъэрыIууауэ зыкъытхузэгъбаэзм, законым къызэригъэувым ипкъ иту, щIапхъэхэмкIэ чэнджэщ ептынущ. ЩIалэгъуалэм папщIэ къэрал, республикэ программэ куэд щыIэщи, абыхэм щыдгъэгъуэзэнущ, Iуэху зрагъэкIуліныкIэ дадэIэпыкъунущ.

ЩIалэгъуалэ палатэм и Жылагъуэ егъэблэгъанlэм лэжьэн щыщIидза махуэм щIалэ зыбжанэ щыIащи, Iуэхур ежьауэ жыпIэ хъунущ къыщIэкIынщ.

ШЫПIЫ Даянэ.

Гу зылъытапхъэ

IУЛЪХЬЭ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хъыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманым фыпсалъэ хъунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и лжьы щIэ **8 (8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкIэ.

Бахъсэн куейм иджыблагъэ къыщызэIуаха «Строймаш» заводым зэман кIэщIым кьриубыдэу и цIэр фIыкIэ игъэIуну хуэнэсащ.

ХАДЭХЭКIХ'ЭР хъумэным икIи ахэр тыншу кьежьэкIыным тещIыхьауэ мыбы къыщигъэкI контейнерхэм хуэдэ иджыпсту зыщIыпIи щагъэхьэзыркъым. Абы къыхэкIыу абыхэм щIэупщIэшхуэ щагъуэтащ Урысейм и Ипщэ щыналъэм я мэкъумэшыщIэхэм деж.

Фыиэзрыщыгъуаэзщи, мы гъмахуэм Бахъсэн куейм и жылагъуэ щхьэхуэхэм зэм хэщIыныгъэ ин къаритащ. Абы еэым и зэфIэкIхэмкIэ япэу кьыпэджэжахэм ящыщи «Строймаш»-р. Заводым и унафэщI Ашэбокьуэ Тимур щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мыгувэу хадэхэкIэр уэм щызыхьуэ сеткэхэр гъэхьэзырын щIадзэнущ икIи абы и лъэныкъуэкIэ линиеу 3 яутIыпщынущ.

Бахъсэн районым къыщызэрагъэпэща агропромышленнэ Iэнатlэ зэрыIыгым и зы къудамэу «Строймаш»-р щытынущ. Абы нэмыщI а Iуэхущ Iапlэ иным хэтщ нобэ ди щIыналъэм зыщызыубгъуа «жыг гъэкIыныкIэ Iэмалыщ Iэхэм» я лъэныкъуэкIэ кьагъэсэбэп бетон щIэгъэкъуэнхэмрэ пхъэщхьэмыщхьэ хъумапIэхэмрэ. Апхуэдэу щIэуэ кьызэIуахынущ хуабэщхэм папщIэ гъунэ зэпыгъэвазэр.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

●Бахъсэн куей

Заводыщ1эм и зэф1эк1хэр

Къэралым и лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэ

●Гъуазджэ

Пермяковэ Александрэрэ Фырэ Руслан тыгъэхэмкIэ зохъуажэ. *Сурэтыр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

Пятницкий Митрофан и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал цIыхуфэ академическэ хорым и концерт Налшык и Театр Щхьэнтlэм щекIуэкIащ. Къалэдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ гуапэу IущIащ «Налшык - Кавказым и щэнхабзэ къалащхьэ» республикэ проектым хиубыдэу хьэщIапlэ кьэкIуэ гуп цIэрыIуэм. Хорым егъэльапlэ и ныбжьыр ильэсэн 100 зэрырикъуф.

КОНЦЕРТЫМ и пэ кьикуэу, гупым и художественнэ унафэщI, Урысейм и цIыхуфэ артисткэ Пермяковэ Александрэ зыхэта пресс-конференц екIуэкIащ. Журналистхэм я зэIущIэр кьыщызэIуихым, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан кьыхихьащ къэрал куэдым зи цIэр щыIуа, пщIэшхуэ щызыпIэ хорым игъэзащIэ урыс цIыхубзэ уэрэдхэм лъэпкъ щэнхабзэм зэрыхагъэгъуазэр, щыналъэм и уардагъэмрэ дахагъэмрэ псэкIэ зэрызыхьуагъащIэр. Апхуэдэуи министрым жиIащ куэд мыщIэу Налшык нэгъуэщI зы гуп кьыззэрыхеблэгъэнур, Молдавием и «Жок» къэрал къэфакIуэ гупыр зыщIыхьуэр абы и кьакIуэм зэрыщIигуфIыкIынур, иджы япэу зыльагъунухуэми ягу зэрырихьыным щэч кьызэрыгтримыхьэр.

Пермяковэ Александрэ фIыщIэ хуищащ Урысейм Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ, Пятницкий Митрофан и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал цIыхуфэ академическэ хорым КъБР-м и Щэнхабзэ ЖыIэщIэ гупым и ныбжьыр ильэсэн 100 зэрырикъуф.

(Кlэухыр 4-нэ нап.).

●Аруан куей

Хэхъуэк1э щогуг1

Аруан районым нартыхур щыIуахыж. Мы гъэм а къэкIыигъэм хухаха гектар мини 8,5-м дэтхэнэми хуэзэу центнер 50-м къыщыщIэзауэ 70-м нэблагъэ къытокI.

КЪЭХЪУН къуажэм мэкъумэш щIапlэу иIэ гектар мини 2,5-м щIигъум щыщу мини 2-р нартыхум еуфыд. Бэджэндырылажьэ Мыкъуэ Хьэсэн нарт гъавэр гектар 26-м трищIати, дэтхэнэми ику иту центнер 50, абы нэхъыбэ къытрех. Дунейр хъарзынэу зэрыщытам, агротехникэ Iуэхугъуэхэр и пIалъэм зэрагъэзэщIам, жылапхъэфIхэр зэрыхасам яфI къэкIыжащ. Мыкъуэ Хьэсэн мы гъэм кьигъэсэбэпар «Монсанто» лIэужьыгъуэм хуэдэщ. Абы къызэриулытэмкIэ, ар я щIым нэхъ йозэгъ.

КърахьэлIэж гъавэр губгъуэм щащэ. IыхьпIэм ирату уасэм щыхэхъуэнум пэплъэкIэ фейдэ пылъкъым - и хуэмапщIэм куэд хуоээ. Арами, мы гъэм нартыхур уасафIэщ икIи килограммыр сомИ 7 - 8-кIэ ящэху. Ар къэплъытэмэ, бэджэндырылажьэхэм абы хэхъуэфI хъахуихьынущ.

СОКЪУР Риммэ.

Кабул и кхъухьлъатэ тIысыIэм

Афганистаным и къалащхьэм и аэропортым пэмыжыжьу къыщыдгъэуащ кхъухьлъатэзехуэхэр зэрыс микроавтобусыр.

Лагъым къызэпхэIа щIыхуэбзыр кхъухьлъатэзехуэхэм яхэтьадэрэ, зыкьигъэуэжащ. КъызэральытэмкIэ, щIыхуи 10 - 12 хэкIуэдащ.

КъухьэпIэ хъыбарегъащIэ Iэнатlэхэм защIу къызэратамкIэ, лей зытехьа хамэ къэрал кхъухьлъатэзехуэхэм Урысейм щыщIэхэр яхэтащ. Арщхьэкlэ, ар щIыуэ нужькIэ кьыщIэкIыжащ.

«Рейтер» агентствэм зэбгрыгъэха хъыбархэм ятепщIыхьмэ, мы насыпыншагъэр кьрикIуащ иджыблагъэ США-м щагъэльэгуа «Мусылымэнэм я хеяръюр» фильмым. Апхуэдэ щыкIэкIэ ислъам диныи и телъхъэхэм ялъ ящIэжауэ абы жеIэ.

КъеIыхьжыгъуей щIыхуэхэр

Совет Союзым зэрыщымыIэжр ильэс гъащIэ хъуами, абы и щIыхуэхэр Урысейм хуэзащIэжкъуэжыркым.

СССР-м я къэрэ кредитхэмкIэ нобэр кьыздэсым КНДР-м доллар мелард 11 тельщ. Ар абы щIэх хуэпшыныжьыну ипшыныжьыну хуейуи фэ теткым. Апхуэдэу щыхьыр, лъэныкъуэхэр иджыблагъэ зэгурыIуащ КНДР-м Урысейм и экономикэм къыхилъхьэ инвестицэхэм доллар мелардитI 10-р пагъэкIуэжыну. Адрей мелардыр хуагъэзэнущ абы и уасэ дэIэпыкъуныгъэкIэ корейхэр ди къэралым и егъэджэныгъэ, узынщагъэр хъумэн, энергетикэ Iэнатlэхэм кьыкъуэувэмэ.

Асад и гъащIэм и уасэр доуей

Сириемрэ зыкъыщыщыIэтахэм доллар мелуан 25-р хуагъэльэгъуащ къэралым и президент Асад Башар зыуKIым.

Архуэдэ ахьшэ кьыздрахамкIэ щеупщIым, оппозицэм Iэщ кIэ зэщIэуэзда и къэрухэм я Iэтащхьэхэм ящыщ Хиджазэ Ахьмэт жиIащ, ар я бэнэныгъэр кьыдэзыIыгъ Сириемрэ хамэ къэралхэмрэ щыIэ я хэкуэгъу хъэрычэтыщIэхэм кьабгъэдэкIуэ.

ЗыкъэлыIэтахэр мыпхуэ хуагъэныкъуэу къыщIэкIынукъым. Абы и щыхьэтщ мазиплI и пэкIэ Асад Башар и щхьэ папщIэ доллар мин 450-рэ фIкIа ямыгъэувауэ иджы мелуан 25-м зэрынагъэсар.

Унэм къыщ1амыгъэк1мэ нэхъ къащ1э

«Санба» жьащIэщхуэр нужьей махуэхэм Приморьем кьытегупIащ.

Уэлбанэ ин къэзыша тайфуныр махущ хуэуауэ КъуэкIыпIэ Жьжьэ федеральнэ щIыналъэм щытепщэщ. Абы и зэранкIэ псыхэр кьнуащ, ятIэпсыр кьежащ, транспортым и нэхъыбэр кьызэтеувыIащ, ток кIапсэхэр зэпидащ. Яныныкъуэхэм и дежьжым и псынщIагъыр зы секундым метр 50-м ноблагъэ.

Школэхэр сабий садэхэр я лэжьыгъэр Владивосток къыщызэтраГъэувыIакъым. Арцхьэкlэ адэ-анэхэм я бынхэр унэм кьыщIамыгъэкIэ нэхъ кьащтэ.



t Инджылызымрэ Франдзымрэ зэпэщыщIэ Ла-Маншкъэ зэрыщIэ и щIагъым щIэкIыу гъэзэгу щIалъхьэну а къэралитIыр 1963 гъэм зэгурыIуащ.

t 1544 гъэм хьалъхуащ **Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ,** нужькIэ урыс пащтыхь гуащэ **Марие** хуэар.

t Къэрэшей-ШэрджэсымкIэ щыхьэ ткакIуэ **АбытIэ Владимир** къызэралъхуэр илъэс 75-рэ ирокъу.

Дунейм и щыгъуэ Iнур:

Пшэ тельыну, уэшх мащIэ кьешхыну хуагъэфащэ. Махуэм хуабэу градус 19 - 21-рэ, жащым градус 15 - 19 щыIэнущ.

Пlэ1ыпlэр зыгъэхъэзырыр ЖЫЛАСЭ Заурбий.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Лlы зэрымыс унэр сабафэщ.

ЩытыкIэр зэпкърах

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Советым и секретарыр зыужьыныгъэм зэран хуэхъу, ар зэтеэсIыигъэ ныкъусаныгъэхэмрэ лъэпощхьопохэмрэ кьытеувыIащ. Апхуэдэщ хабзэхъумэ, къэпщытакIуэ-кIэлъыплъакIуэ IэнатIэхэм зэрыгаръазэкIр, бизнес Iуэхум коррупцэр куууэ зэрыхьыхьар, банк кредитхэр тэмэму къахуэзэремыIыхьыр, хьэрычэтыщIэ IуэхущIапIэ цIыкIуэхэмрэ курытхэмрэ зрагъэужьын щхьэкIэ, щIыпIэ бюджетым зыхуей мылъку зэрамыIэр, нэгъуэщIхэри. КъащIэтмэ, планым хэмыхьэ къэпщытэныгъэхэр иджыри нэхъыри кууэжьмэ пщIа тхьэлъхэр щхьэусыгъуэншэу къыIах, хьэрычэтыщIэхэр ягъэшынэн мурадкIэ, ОМОН-р е СОБР-р къагъэсэбэн.

- Нэгъабэ къэпщытыныгъэ ираугьэкIуэкIар прокуратурэм щыиэхуагъэкIуауэ щита бжыгъэм нэхъ рэ хуэдитIым щIигъукIэ нэхъыбэщ. ХьэрычэтыщIэхэм ахъшIэр зэрагъэлажьэ щIыкIэр зрагъэщIэн мурадкIэ, банки 6-м тхыльэ 625-рэ хуатхащ. Апхуэдэу IуэхущIапIэхэм, хьэрычэтыщIэхэм субсидиехэр щIрата щхьэусыгъуэм министерствэ щхьэхуэхэм щыщIэупщIащ. Ахъшэр къыIахыну хуэнэмысу, къэпщытакIуэхэр якIэлъокIуэ. Мэпшынэри, языныкъуэхэм субсидие къащтэн ядэжькрыкъым. ЩIыналъэ бизнесыр зэтезыIыгъэхэм ящыщщ пуду ящэжьм мурадкIэ, предприятэхэр банкрот зэращIыр, лицензэхэр, бэджэндэхэр къеIэзыхьныухэм федеральнэ, щIыпIэ къулыкъущIэхэр щхьэзыфIэфIу зэран зэрахуэхъур, - къыхигъэщащ экономикэ, жьыларгъуэ шыпкъгъэнщагъэмкIэ советым и секретарым и къуэдзэ, IуэхущIапIэхэм я зэдай комиссэм и унафэщI **ХьэIупщы Аслъэнбэч.**

ЗэIущIэм къэзыщагъэльэгъуамкIэ, а лъэпощхьопохэр гъэкIуэдыным, бизнесым зэпIэзэрыту зегъэужьыным, хьэрычэтыщIэхэмрэ инвесторхэмрэ хабзэкIэ яIэ хунтыныгъэхэр хъумэным пыщIа IуэхугъуэI псори дяпэкIэ мы комиссэм иунэтIынущ. КъыщынэмыщIауэ, республикэм и Iэтащхьэм деж хьэрычэтыщIэхэм я хуитныгъэхэр хъумэныкIэ уполномоченнэм и институт къыщыдэгъэпэщынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм экономикэ щынагъуэншагъэм пыщIа Iуэхухэмрэ коррупцэм пэщIэтыныкIэ и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ, Iэнатlэхэм я зэдай комиссэм и секретарь **Гуэбэщ1ыкI Аслъэн** зэпэчрыхауэ къытеувыIащ хабзэм тету лажьэ хьэрычэтыщIэхэм щытыкIэр ящыгъэпсынщIэным хуэунэтIауэ къэув къыалэнхэм. Абы зэрыжиIамкIэ, Экономикэ, жьлагъуэ шынагъэншагъэмкIэ советым и аппаратыр бизнес зэгухьэныгъэм и IыкIуэхэм, щIыхьэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я унафэщIхэм яIуэщIащ. Прокуратурэм и органхэм, судхэм, жьлагъуэ организацэхэм, хьэрычэтыщIэхэм зыхуагъэзащ нэхъыщхьэу къалъытэхэр ягъэбелджьыкIуэ, я Iуэху еплъыкIэхэр къыхалъхьэну.

ЩытыкIэм зихуэжьын папщIэ, лэжьыпхъэу къалъытэхэм теухуа зэхъыхьэм къыщыпсэльащ «Урысеим и щIэнтIэкъуэн» («Опора России») ООО-м и щIыналъэ къудамэм и унафэщI **Къыльыщкъуэ Альберт,** КъБР-м и Парламентым и депутат **Банщиков Александр,** республикэм и Адвокатурэм и президент **Ябгэжьыкъуэ Хьэбас,** УФ-м Следствиемкlэ и комитетым и Къэбэрдей-Балъкъэр управленэм и унафэщIым и къуэдзэ **Танифа Виктор,** Надлык къалэ округым и хьэрычэтыщIэхэм я «Зэдэлэжьныгъэ» ассоциацэм и тхьэмадэ **Гуэбэщ1ыкI Жантемыр** сымэ. Абыхэм къызэхуэсахэр къыхураджащ шынагъэкIэ Iулъхьэ къытезыхьэм, хьэрхуэрыгъэм и хабзэр зымыгъэзащIэхэм, лъабжьэ зимыIэ зэпщытэныгъэхэм хьэрычэтыщIэхэр щахъэмэну, промышленностым и Iэнатlэхэр банкрот Iэмалкlэ зыIэщIэзыльхьэну хущIэкъуэхэм я мурадхэр къызэпаудыну.

Комиссэм хэтхэм къызэрыкъалъхьам тету, хьэрычэтыщIэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэхэрэ цIыхуэхэмрэ ядэлажьэну гуп щхьэхуэхэр къызэрагъэпэщынущ. Прокуратурэм чэнджэщ ираташ, депутатхэмрэ комиссэм щыщхэмрэ ящIыгъуу, республикэм бизнесым зэрыщащхъуэм щыщIыкIэр зэуIуу къапщытэну, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я Iэмалхэр нэхъыфIу къагъэсэбэпыну.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Ильэс 20-м щIигъукIэ узыщэлэжьа цIыхум блэкIа зэманым иту утепсэльыхьыныр, уигу къэбгъэкIыжьыныр хьэльэщ. Иджыблагъэ ильэситI ирикъуащ генерал-майор Абыдэ Ахьмэд кьызэрытхэмытыжрэ. И ныбжьыр ильэс 53-м иту зэуэзэпсэу ар дунейм екIужащ.

Абыдэ Ахьмэд и гъащIэм къыпещэ,

сыт щыгъуи ди гум ильщи

2009 гъэм и гъатхэпэ мазэм Урысейм тезырхэр ирегъэхьэкIыныжмкI и федеральнэ кьулыкъум и Управленэу Волгоград областым щыIэм и унафэщIу ягъэувауэ щыта, Абы и пэкIэ ильэс 17-кIэ Абыдэ Ахьмэд Тезырхэр ирегъэхьэкIыныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ уголовнэ-гъэзэщIакIуэ щIыналъэ Iэнатlэм и унафэщI кьулыкъум пэрытащ.

Абыдэ Ахьмэд Iэзэльыкъуэ районым хьыхьэ Кьармэхьэбэ-лэ кьуажэм 1958 гъэм кьыщальхъащ. 1979 гъэм и щыщIыпэм, дзэ кьулыкъу жьжьким, республикэм МВД-м тезырхэр щагъэзэжкIуэжк-лэжьаIпIэ Iэнатlэм и кьудамэм лэжьэн щыщIидзащ. Абы и яп кьулыкъыр Налшык кьалэм и следственнэ изоляторым и контролер кьалэнырщ. Ар Iуэхум хэлэлэу бгъэдыхьэрт, жэрдэм, ерыщагъ хэлъу ипэкIэ кIуатэрти, лэжьыгъэм фIыкIэ зыкьыщигъэльэгъащ.

1984 гъэм Ахьмэд Прохладнэ куейм щыIэ Советскэ жылагъуэм дэт тезырыр щрахьэжI-щыIэжьэ колоние №2-м и оперативнэ кьулыкъум и унафэщIу ягъэуващ. Ильэситlэ дэкIри а Iуэхущ1апIэм и тхьэмадэ хьуащ.

Абыдэм 1981 гъэм кьиуахащ СССР-м и МВД-м Владимир кьалэм щыIэ и институкIэ, 1991 гъэм - МВД-м и юридическэ академиэ нэхьыщIхьэр, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэщ академием и экономикэ факультетыр - 2006 гъэм. И кандидат диссертацэр Владимир дэт юридическэ институтым щыIигъэкIащ. Юридическэ щIэныгъэхэм я кандидат Абыдэ Ахьмэд КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист щIэныгъэм ящыщ.

Республикэм и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэм Абыдэр илъэс 30-м щIигъукIэ щылэжьащ. Абыхэм ящыщу 26-м ар унафэщI кьулыкъуэхэм пэрытащ. Ар кьызэрэпэщакIуэ нэсу зэрэщытыр кьиргъэльэгъуащ Управленэм и Iэтащхьэ щылэжьа илъэсхэм. А зэманым кьриубгъуэ яхьумэхэм ящыщу зыгуэр щыщIэпхъуэжа, кьыщыщэрэыIэта кьэхьуачкым.

Генерал-майор Абыдэ Ахьмэд КъБР-мкIэ УФСИН-м и унафэщIу щыщIа зэманым и иужьрей илъэсибгъум управленэр Урысеим и апхуэдэ Iэнатlэхэм я нэхъыфIу кьалъытахэм ящыщщ. Абы блэнэрэ кьхьуачэфэщащ «Хрусталь жьынду» Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ Iэнатlэм и дамыгъэр, Урысей Федерацэм Юстициэмкlэ и министерствэм и дипломэр. Я кьалэныр хьэлэлу езыхьэкI Iуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ кудым кьэрал, ведомствэ дамыгъэхэр кьратащ, зи чэзу зэманэ хэхаэр нэхъ пасэу кьыхуагъэфэщащ.

ЖЭуапIныгъэр нэгъэсауэ зыхэзыщIэ, зи кьалэным хуэгъэпсыкIэ щIэныгъэр зэрагъэгъэуIэнкIыжьмэ, жьыжьапIэу, Iуэхур зыужьтIыкIэ цIыху гумызагъэу зэрыщытымкIэ. Апхуэдэущ щытащ 2005 гъэм жэпуэтъуэм 13-м, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэр яукIыу Iэщ1эхэр зыIэрагъэхьэн мурадкIэ боевикхэр республикэм и кьаруэзехьэ Iэнатlэхэм щатеуа махуэ гуаузми. А бзаджащэхэм языкхэзи Управленэм и унэм щагъэхьакIым. Ди жагъуэ зэрырихьущи, а махуэм лIыгъэ яхэлъу я нэIэм щIэт Iэнатlэхэр яхьумэу УИС-м и лэжьакIуи 5 хэкIуэдащ.

Абыдэ Ахьмэд лэжьыгъэмкIэ зэрыгткIийм хуэдэ кьабзэу, цIыхухэм гульытIэшхуэ яхуилIырт. Ар сыт щыгъуи пэжым и тельхъэ, гупыр зэкъуэзыгъэувэ, ипэкIэ зэрыкIуэтэным хуэзыIунэтI унафэщI гумызагъэр икIи и лэжьэгъуэм, кьулыкъур кьыдезыхьэкI и ныбжьэгъуэхэм нэхьри куууэ зэрыхихуащIырт, езым и Iэщ1агъэм нэхьри куууэ зэрыхихьэныгъэхэр ящыщIэкъурт.

Абыдэ Ахьмэд кьэрал, ведомствэ дамыгъэ куэд кьыхуагъэфэщащ, Лыигъэм и орден тIэунейрэ, «Къкум и пащхьэм щиI» фIыщIэхэм папщIэ» орденым и 2-нэ нагъыщэ медалыр, и цIэр тетхауэ Iэщ1этIэунейрэ кьратащ.

Урысей Федерацэм и Президентым и унафэкIэ 2010 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 10-м абы кьыфIащащ кьэрал кIуэщI кьулыкъум и генерал-майор щIэр.

Зэи сцымыгъупщэну си гум кьинащ Ахьмэд зэгуэрым жиIауэ щыта мы псальэхэр: «Си лэжьыгъэм сызэрыхуущытым утепсэльыхьмэ, сэ абы щысльагъур тезыр зэрыгъэльхъэ Iэмэпсымэкъым, атIэ кьыщIэхуар ипэжыпIэкIэ цIыху тепIъэм хуэзышIэж Iэмалщ. Абы щхьэкIэ ди лэжьакIуэхэм цIыхугъэ яхэлъу щытын хуейщ. Кьабзагъэ, хабзэ, лэжьыгъэ, щыгъын, ерыскъыжкI - а псорри хабзэхэм кьагъэуахэм хуэжьауэ щытпэхьащ. Си дежкIэ зэхуэдэщ хуэт сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкIэ ди Iуэхущ1апIэм кьыщыхутэным, нэхьыщхьэр зэрыхьэжьину Iэмал зэрыщIэр абыхэм ягурыгъэIуэныщ».

Сэ сыкъапщтэмэ, Ахьмэд сыт щыгъуи гульытэ кьысхуищIу щытащ. Тезырхэр ирегъэхьэкIыныжмкI Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ лэжьакIуэ абы дзыхь щыхуащIам, колонием оперативнэ пльыру сыщыгъажьэт. Ильэситl дэкIри, Ахьмэд и унафэкIэ тезырхэр ткIийуэ щрахьэкI Iэнатlэм и унафэщI щIэныгъэ-тIысахэмрэ лэжьакIуэхэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэ ядегъэкIуэкIыныжмкIэ и къуэдзэу сагъэуващ. Абы и нэIэм щIэт сыт хуэдэ Iэнатlэ сыпэрыати, сыт щыгъуи сыхуэIэкIуащ кьыдэлажьэхэмэ, республикэм и унафэщIхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я дежкI пщIэшхуэ щызыIэ я цIыху нэсыр зэрызымыгъэщIэхьуным.

1999 гъэм пенсэм сыщIэкIуэм и щхьэусыгъуэм Ахьмэд щыгъуазэ сщIыри, лэжьаIпIэм сыкъыуIидащ. 2000 гъэм и жэпуэтъуэм Ахьмэд и кабинетым сриджэри, гупсэхуу кьызэпсэльащ: «Леонид, ныгъабэ пенсэм уущэкIуа щхьэусыгъуэр кьыщызжепIэм цIыху хуэдэу узыхэсщIыкIащ, иджы сэ кьызэдаIуэ. Уипхъу Лианэ медицинэ факультетым щIэтIысхьащи, екъуIэныгъэхэр зыIэриГъэхьэмэ си гуапэщ, ауэ уэ кьуат сом мини 5-б пенсэмкIэ уи унагъуэр, уипхъустудентыр пхуэIыгъынкъым. Аращи, мыр узидэIэпыкъуэгъуу узэрызгъэувмкIэ кьэсщта унафэрэщ, пщэдей щыщIэдзауэ уи кьалэным пэрыувэ».

А цIыху щыпкъэм и унафэмрэ кьалэн кьыпщищIымрэ теухуа псальэмакъ сэ езгъэкIуэкIакъым. Унафэр унафэщ, абы тепсэльыхьым, ар ягъэзащIэ. Ар фIыуэ щыгъуаэт дэтхэнэ зы лэжьакIуэми и унагъуэ гугъуехьхэм икIи сыт щыгъуи цIыхуэхэм защIигъакIуэрт.

Абыдэ Ахьмэд кьыщIэнащ хабзэ щызекIуэ унагъуэ дахэ: и щхьэгъусэ Ларисэ, ипхъу Алинэ, и кIуэ Алим - ар и адэм и лъагъуэм ирокIуэ, ящэрал кIуэщI кьулыкъум и полковникщ, республикэм и уголовнэ-гъэзэщIакIуэ инспекцэм и унафэщIу.

Ахьмэд нэхърэ сэ илъэси 9-кIэ сынэхьыжщ. ПщIэ зыхуащI, фIыуэ яIыгъу цIыху пасэу дунейм щехьжкIэ, бгырысхэм абы кьыщIэна и сабийхэм жраIэ: «КьумыгъэщIар, Тхьэшхуэм фIыащIэм кьыфхупищэ». Сэри, Ахьмэд и щхьэгъусэмрэ я бынхэмрэ ардыдэмкIэ захуэгъазэ.

ХЬУЭСТ Леонид,
КъБР-м щыIэ УИС-м и ветеранэм я советым и унафэщI.

● Фэеплъ

Генерал-майор Абыдэ Ахьмэд

● Жэрдэм

Iуэху дахэ къыхыдолъхьэ

КъЕДГЪЭЖьА псальэмакъым егъэщIылIауэ къэтIэтыну дыхуейт фи гульытэр ди республикэм и тхыдэ, щхьэхабзэ щIэнныр хьэмэным, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIэр фIыкIэ зыгъэIуэхухэр зэфIэгъэкIыным етIэлIэну. Зэрыгурыуэгъуэщи, нобэрей щытыкIэм ижь кьыщIеху цIыхухэм яхэлъ гукъыдэжьым. Ауэ гъашIэр нобэ нухьыркъым, къэкIуэнум дегупсысын хуейщ. Дегупсысын хуейкъым, атIэ дыхуэлэжьэн ни хуейщ. Мис а лэжьыгъэ мащIэу, Iужьым къэтхуэтхэм (шахт-бгъуэнщIагъ, киммерий некрополь, щыщIагъ щIэтIыкIам щIэт къуплшырыф (монастырь), апхуэдизу жыджэру кьыдэрыпджэжар - иращIыпIа псальэмакъыр, тратхьхьахэр зыхуэдизыр - тельыджэ тщыхьауад. А псорри щыхьэт тохьуэ ди щыналъэм икI хьыбар мащIагъуэхэм цIыхухэр зэрырагъэшIар. Апхуэдэу щыщIткIэ, щIэщыгъуэ ящыхьуну хьыбарыфIхэр ди республикэм икIын хуэдэу, дыигъэпIагъэжьэ. Зи гугъу тщIы кьызэрыгъэшIар. Апхуэдэу щыщIткIэ, щIэщыгъуэ ящыхьуну хьыбарыфIхэр ди республикэм я бжыгъэм хигъэхъуэну кьудейкъым: абы нэгъуэщI щIыпIэ я Iэмалхэм Iэмал яритынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и блэкIам, абы и щIэр зезыхьэ пьэпкъитIым кьадэгъэугурыкIуэ хабзэхэм, яхэтъ хьэщIагъэщхуэм зыхуащIыну. Кавказ Ищхьэрэ турист кластерри зытещIыхьар ахъшэм и закъуэкIым: Iуэхур зэрыцэтебгъуэмэ куэд елытащ. Сыт хуэдэ тетыджэ яIыгъуми ящыгъупщжьынущ фIыуэ уахущымытмэ, гудзакъэ псэмыльэу закъебгъэлъагъуэмэ.

Зэгуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым кьеджэу щытащ «турист Мэккэкlэ». Мыбы егъэлеиныгъэ гуэри хэлътэкъым. Илъэс кьэс ди деж турист мминщхэр (I) зыгъэпсэухукIуэ къакIуэрт. Псори зыхуей хуагъаэзрт, яIэтъгуаэхэр, зэрагъэхьэщIар гукъинэж ящыхьуащ, гукъыдэжьыфIяIэу, арчуэру яхуэхьэкIуэну я псоригъэ. Ауэ ар щIэрхьащ... Ауэ ди фIэщ мэхъу мы Iуэхур цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным епха гъашIэм щиIыхьэ ящщIэ кьудейуэ зэрыщытыр. Абы ахьшэ хъарзыни кьыщIакъыфынущ.

КОТЛЯРОВХЭ Марнерэ Викторрэ.

Щыщыбэм дэт музейхэр къызэгъэпэщыным ахъшэхуэ текIуэдэнукъым, диIэ щыпсэпс, тхыдэ фэеплъхэр кьэдгъэсэбэпын хуей кьудейуэ аращ. ЗыпIыхьыкIуэхэр тынщу кьетшэлIэфынущ. Апхуэдэ музейхэр зэпэщу щолажьэ Японием (Мывэхэм я музей), Инджылызым (Стоунхендж мегалит), Перум («Наск и платокIэ» зэдзэр). Пасэ хьитIыгум (Статуэхэм я музей) нэгъуэщI щIыналъэхэми.

Мывэ тхыдэм и музей Налшык кьыщыIэзрагъэпэщ хьунущ, кьыщыIэзрагъэпэщ хуейщ. Туристхэр кьыIэзрырашэлIэнум и мызакъуэу, ар хуэлэжьэнущ цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынми. Апхуэдэ музейхэр щахъуэжкIэ щIыпIэм жыгъэр ирахьыркъым, абы и теплъэм зрагъэхьуэжыркъым. Мывэ экспонатхэр жыгъэм хагъэувэ, абыхэм я зэхуакум лъэс зекIуэпIэ цIыкIуэхэр щащI. КIэщIу жьыпIэмэ, щIыуэпсым зэрарныгъэ гуэри екIыркъым.

ЗэфIагъэувэжа менгрыр музейм и зы къыхьуденуэ щыта ираащ, дэ дыхэзрепльымкIэ, республикэм щымащIэкъым мывэ тельыдджэхэр. Абыхэм ящыщщ ди эрэм и пэкIэ ильэс мелуан Iэджэ зи ныбжьхэр («динозавркъэм я джэдыкIэр»), моллюскэхэр, тенджыз щыжьбанэхэр, н.кв.). Мыбдеж щыIэхуахьэс хъунущ пасэрей художникэм сурэтхэр зытращIыхьа мывэхэри (ахэр нужь зэманым хьэлэч ящащ кислота зыхэт эшхэмрэ бзаджэнаджэхэмрэ), курыт лIэщIыгъуэхэм я чристэн, XVIII-XVIII лIэщIыгъуэхэм я мусльымэн фэеплъхэр. Ахэр мы зэманым зыми кьаэрыфIэмыIуэхужьи щыхьэт тохьуэ.Iэ ди тхыдэм тIупщ зэрыхуэдмыщIым.

Музеим увыпIэ щагъуэтынущ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм кьыхэкIыу зэгуэр ирахьыкауэ щыта фэеплъхэмэ. Зэкlэ экспонатитпщI зыбжанэкlэ Iуэхур зэфIэкIынущ, кIуэ пэтми музейм зиубгъэнущ, илъэс кьэс цIыху нэхъыбэ зришаIэжу.

Абы щыгъэми, мывэхэр цIыхухэм щэныр, кьыщIэрагъэпэщ музейм и архитектурэ теплъэр зэфIэгъэувэныр, Iуэхутхьэбзэщ1апIэхэр зэтеухуэнкIи щыхьэ щыхьэхэм я пIэ дальхьэ хьунущ. Абы кьыхэкIыу лэжьыгъэр зэфIагъэкIыфынущ кьэрал мылъку хэмыту.

ИпэжьыпэкIэ Кавказ Ищхьэрэ турист кластерым и концепциэм хиубгъэ. Кьэрал хьэтIэтхъэ жьэрдэмым зыгуэр кьыпщэджжьыну пIэрэ? Ди республикэм туристхэр кьыдегъэхъэныным теухуауэ кьыхэкIыжьыгъэ хуэдэу - Шэджэм куейм щыщ Эльтюбо кьуажэм и гьунэгъу «альдж пкIэтьейр» (балъкъэрэр абы «битникIэ» иоджэ), Зенткъуэ и деж губгъуэм щыIэ ныдыпIэм хуэмхуэмрэ хуегъакIуэ.

Е мыр кьэтщтэнти. Налшык кьомэщIэкI туристхэр зыIэпызышщ щIыпIэкъэр. АтIэ абы щыIыбм дэт Кавказ Ищхьэрэ музей кьыщыIэзIуах щхьэ мыхьэрэ? Абы драгъэгупсысащ Iуащхьэмахуэ лъапэ и ищхьэрэ лъэныкъуэм нужь зэманым кьыщыхьуащ Адыгеим. Бзаджэнаджэхэм кьуэм дадзащ лIэщсищэ куэдкIэ мыбдеж щыта менгирыр. Пятногрок кьнкIа гупым мывэ заузлI абрагъэр зэфIагъэувэжа нужьи, абы и нэкIуэ зэхакъутэри, нэджэIуджэ ящIащ.

Апхуэдэу щыщIткIэ, а феплъыр Налшык щыдгъэгъэув. Адэкlэ дыIэбэнщи, мывэм и тхыдэр кьэзыIуатэ гуэр едвгъэгъэщIыIэ.

ЩЭРЭДЖ Дисэ.

● Налшык

ДэIэпыкъуэгъуэр къалъыхъуэ

Налшык и хьэблэхэр кьыщыщэхъукIухьку гулъымугъу кьанэркъым щIыпIэ куэдыр тетIыхьэпIэ кьыхэщIыкIуэм зрыхуэныкъуэм. Мыбдежьм и гугъу тщIыркъым сабий дэхэтиIэхэм, кьэжьыхьыпIэхэм, нэгъуэщIхэм.

ГъЭМ и пэщIэдзэхэм мы Iуэхум теухуауэ лэжьыгъэшхуэхэр кьыщрахьэлIащ щIэуэ ящуа унэ зэтетхэм я бжэIупэхэм. ЦIалэгъуаIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я кьарукIэ кьаIэм и щIыпIэ зыбжанэм хьринэхэр щагъэщащ. Зи гугъу тщIы Iуэхум трагъэкIуэдэн ахьшэ хабзэкIэ бюджетым кьыхагъэкI, арщхьэкIэ ар апхуэдизкIэ мащIэщи, псэупIэ унэ псоми я Iэгъуэблагъэр зыхуей ирихуэбгъэзэфIэкIэ Iэмал зыкIым. Аращ кьалэ администрацэм и лэжьакIуэхэм меценатхэр кьалъыхьуэныр кьызыхэкIыр.

Апхуэдэ зэфIэкъуэгъуэхэм я мылькукIэ иджыблагъэ «Искожэ» хьэблэм и Неделинэ уэрамым тет №7-а уиэмрэ Ингуш уэрамым тет №19-нэ унэмрэ я бжэIупэхэр зыхуей хуагъэзащ, тетIысхьэпIэхэри екIуу щагъэщащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Ди сурэт тэтIыльыгъэхэр

Москва и Колоннэ уардзуэнэм Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ ильэс 400 щрикъу махуэр щагъэльапIэ. Утыкум итщ Къэбэрдей радиом и хорыр. *Сурэтыр 1957 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм трахащ.*

Ильэс 20-м щIигъукIэ узыщэлэжьа цIыхум блэкIа зэманым иту утепсэльыхьыныр, уигу къэбгъэкIыжьыныр хьэльэщ. Иджыблагъэ ильэситI ирикъуащ генерал-майор Абыдэ Ахьмэд кьызэрытхэмытыжрэ. И ныбжьыр ильэс 53-м иту зэуэзэпсэу ар дунейм екIужащ.

Щыщыбэм дэт музейхэр къызэгъэпэщыным ахъшэхуэ текIуэдэнукъым, диIэ щыпсэпс, тхыдэ фэеплъхэр кьэдгъэсэбэпын хуей кьудейуэ аращ. ЗыпIыхьыкIуэхэр тынщу кьетшэлIэфынущ. Апхуэдэ музейхэр зэпэщу щолажьэ Японием (Мывэхэм я музей), Инджылызым (Стоунхендж мегалит), Перум («Наск и платокIэ» зэдзэр). Пасэ хьитIыгум (Статуэхэм я музей) нэгъуэщI щIыналъэхэми.

Мывэ тхыдэм и музей Налшык кьыщыIэзрагъэпэщ хьунущ, кьыщыIэзрагъэпэщ хуейщ. Туристхэр кьыIэзрырашэлIэнум и мызакъуэу, ар хуэлэжьэнущ цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынми. Апхуэдэ музейхэр кьыщахъуэжкIэ щIыпIэм жыгъэр ирахьыркъым, абы и теплъэм зрагъэхьуэжыркъым. Мывэ экспонатхэр жыгъэм хагъэувэ, абыхэм я зэхуакум лъэс зекIуэпIэ цIыкIуэхэр щащI. КIэщIу жьыпIэмэ, щIыуэпсым зэрарныгъэ гуэри екIыркъым.

ЗэфIагъэувэжа менгрыр музейм и зы къыхьуденуэ щыта ираащ, дэ дыхэзрепльымкIэ, республикэм щымащIэкъым мывэ тельыдджэхэр. Абыхэм ящыщщ ди эрэм и пэкIэ илъэс мелуан Iэджэ зи ныбжьхэр («динозавркъэм я джэдыкIэр»), моллюскэхэр, тенджыз щыжьбанэхэр, н.кв.). Мыбдеж щыIэхуахьэс хъунущ пасэрей художникэм сурэтхэр зытращIыхьа мывэхэри (ахэр нужь зэманым хьэлэч ящащ кислота щыIэ эшхэмрэ бзаджэнаджэхэмрэ), курыт лIэщIыгъуэхэм я чристэн, XVIII-XVIII лIэщIыгъуэхэм я мусльымэн фэеплъхэр. Ахэр мы зэманым зыми кьаэрыфIэмыIуэхужьи щыхьэт тохьуэ.Iэ ди тхыдэм тIупщ зэрыхуэдмыщIым.

Мрзеим увыпIэ щагъуэтынущ щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъэхэм кьыхэкIыу зэгуэр ирахьыкауэ щыта фэеплъхэмэ. Зэкlэ экспонатитпщI зыбжанэкlэ Iуэхур зэфIэкIынущ, кIуэ пэтми музейм зиубгъэнущ, илъэс кьэс цIыху нэхъыбэ зришаIэжу.

Абы щыгъэми, мывэхэр цIыхухэм щэныр, кьыщIэрагъэпэщ музейм и архитектурэ теплъэр зэфIэгъэувэныр, Iуэхутхьэбзэщ1апIэхэр зэтеухуэнкIи щыхьэ щыхьэхэм я пIэ дальхьэ хьунущ. Абы кьыхэкIыу лэжьыгъэр зэфIагъэкIыфынущ кьэрал мылъку хэмыту.

ИпэжьыпэкIэ Кавказ Ищхьэрэ турист кластерым и концепциэм хиубгъэ. Кьэрал къэтIэтхъэ жьэрдэмым зыгуэр кьыпщэджжьыну пIэрэ? Ди республикэм туристхэр кьыдегъэхъэныным теухуауэ кьыхэкIыжьыгъэ хуэдэу - Шэджэм куейм щыщ Эльтюбо кьуажэм и гьунэгъу «альдж пкIэтьейр» (балъкъэрэр абы «битникIэ» иоджэ), Зенткъуэ и деж губгъуэм щыIэ ныдыпIэм хуэмхуэмрэ хуегъакIуэ.

Е мыр кьэтщтэнти. Налшык кьомэщIэкI туристхэр зыIэпызышщ щIыпIэкъэр. АтIэ абы щыIыбм дэт Кавказ Ищхьэрэ музей кьыщыIэзIуах щхьэ мыхьэрэ? Абы драгъэгупсысащ Iуащхьэмахуэ лъапэ и ищхьэрэ лъэныкъуэм нужь зэманым кьыщыхьуащ Адыгеим. Бзаджэнаджэхэм кьуэм дадзащ лIэщсищэ куэдкIэ мыбдеж щыта менгирыр. Пятногрок кьнкIа гупым мывэ заузлI абрагъэр зэфIагъэувэжа нужьи, абы и нэкIуэ зэхакъутэри, нэджэIуджэ ящIащ.

Апхуэдэу щыщIткIэ, а феплъыр Налшык щыдгъэгъэув. Адэкlэ дыIэбэнщи, мывэм и тхыдэр кьэзыIуатэ гуэр едвгъэгъэщIыIэ.

Налшык и хьэблэхэр кьыщыщэхъукIухьку гулъымугъу кьанэркъым щIыпIэ куэдыр тетIыхьэпIэ кьыхэщIыкIуэм зрыхуэныкъуэм. Мыбдежьм и гугъу тщIыркъым сабий дэхэтиIэхэм, кьэжьыхьыпIэхэм, нэгъуэщIхэм.

ГъЭМ и пэщIэдзэхэм мы Iуэхум теухуауэ лэжьыгъэшхуэхэр кьыщрахьэлIащ щIэуэ ящуа унэ зэтетхэм я бжэIупэхэм. ЦIалэгъуаIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я кьарукIэ кьаIэм и щIыпIэ зыбжанэм хьринэхэр щагъэщащ. Зи гугъу тщIы Iуэхум трагъэкIуэдэн ахьшэ хабзэкIэ бюджетым кьыхагъэкI, арщхьэкIэ ар апхуэдизкIэ мащIэщи, псэупIэ унэ псоми я Iэгъуэблагъэр зыхуей ирихуэбгъэзэфIэкIэ Iэмал зыкIым. Аращ кьалэ администрацэм и лэжьакIуэхэм меценатхэр кьалъыхьуэныр кьызыхэкIыр.

Апхуэдэ зэфIэкъуэгъуэхэм я мылькукIэ иджыблагъэ «Искожэ» хьэблэм и Неделинэ уэрамым тет №7-а уиэмрэ Ингуш уэрамым тет №19-нэ унэмрэ я бжэIупэхэр зыхуей хуагъэзащ, тетIысхьэпIэхэри екIуу щагъэщащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«ЦIыху кэдым зыщагъэпсэну щIыпIэхэм жылагъуэ кьегъэлажьэ ильыкIыпIэхэр кьыщыIэзгъэпэщыным, щIыхуэхэм есыкIэ ягъэщIэным, псым итхьэлэхэр кьызэрыгъэлым хуэгъэсэным и Iуэхукъэ» 2013 - 2017 гъэхэм ятещIыхьа республикэ программэ хэхам теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм щыщхьэIум и 7-м *№184-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. «ЦIыху кэдым зыщагъэпсэну щIыпIэхэм жылагъуэ кьегъэлажьэ ильыкIыпIэхэр кьыщыIэзгъэпэщыным, щIыхуэхэм есыкIэ ягъэщIэным, псым итхьэлэхэр кьызэрыгъэлым хуэгъэсэным и Iуэхукъэ» 2013 - 2017 гъэхэм ятещIыхьа республикэ программэм хэхаэ мы унафэм щыIыгър кьэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФинансхэмкIэ и министерствэм (Быишэн А. А.) хуэгъэувэн зыхуэфащэ илъэсхэм ятещIыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр щызэхилъхьэкIэ Программэр гъэзэщIэным теклуэдэну ахъшэр кьилытэтэну икIи а ахъшэр зыхуэдизу щытынур гъэ кьэс игъэтэмэмыжыну.

3. Мы унафэр зэрагъэзащIэм кIэлыпIэныр и пщэ ильхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и яп ехыжьэ Жьлэ В. Хь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщI
ГЕРТЕР Иван

Зи ныбжь хэкIуэта цIыхуэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ хуащIэ стационар Iуэхутхьэбзэхэм щIат щIэм теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм щыщхьэIум и 8-м *№198-ПП*

Зи ныбжь хэкIуэта цIыхуэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэзыгъэкI кьэрал стационар Iуэхущ1апIэхэм щыпсэунымкIэ щыIэ Iэмалхэр зэкьфIкIуэным хуэунэтIа зи чэзу Iуэхухэр зэфIигъэкIыну.

3. Кьару ямыIэжу кьэлъытэн Къэбэрдей-Балъкъ

Лъагъуныгъэрац гъащIэр зыгъэкIуатэр

● Гъуазджэ

Артистыр зыгуэрым кьигупсыса дунейм фIэкIа щымыпсэуфмэ, сценэ щIыбагъым ущыхуэзэкIэ мыхьэнэ иIэкьым. Абы и псалъэхэри и гупсысэхэри езым еижкьым, и гъащIэ спектаклыр езым зэримыгъэвыжар ещIэжри, и гум кьеIэ гупсысэхэм емыIалIэу тыншу мэпсэу. Балькъэр Юрэ сценэм щиткIэ уедаIуэмэ, е спектакль екIуэкIыр гъащIэм щыщыпэу, е гъащIэ екIуэкIыр спектаклу кьыпщохьу.

- Сыт хуэдэ упщIэхэра уигу нэхъ дыхьэр: узэщIытхъужьныжькIэ кьыбдзIэпыкьуэра хьэмэрэ тIэкIу уагъэгуэвдуэрэ уи гум ильыр сэтей къэзыщIэра?

- Мис а иужьрейм нэхьифIщ.

- ЦIыхур кьыщIигъэщIам и щэхур къэбубыдауэ кьыпнеIэщIра?

- Иджыри гъуэгу сытет хуэдэу кьысщохьу. Узэпльэкьыкуэрэ уи Iуэху епльыкIэр щыпхъуэж ужьдэрэ кьохьу, иджы нэхьыбэ кьызгурыIуэу пIэрэ жьыпIэу. Зы Iуэхугъуэ гуэрым ужьэхоуэрэ: «Уэ! Сэ мыбы теухуауэ зыри сщIэртэкьым!», - жыбоIэ. Ауэ сэ кьызгурыIуэр зыщ: лъагъуныгъэращ гъащIэр зыгъэкIуатэр. Уи адэ-анэм, уи шыпхъум, уи ныбжьэгъум, езы гъащIэм, дунейм, къэкIыгъэм - сыт ищIысым яхуиIэ льагъуныгъэр. Ар хэмытмэ, гъащIэр лыбжьэ мыхъуа джэдым хуэздэщ: джэдыр щIэщ, лыбжьэ щIэжьым. Аращи, абы джэдлыбжьэкIэ уеджэ хьунукъым.

- «Сэ цIыхуэгъ фIыуэ сльагъунут, ауэ кьалэжьыркьым» жызыIэхэмэ гумащIэу закьыщохьуж?

- Лъагъуныгъэм цIыхуэгъ зэреплъыр сэ сощIэ. «Лъагъунрэ кьыхэт» жаIэу аращ нэхъыбэм. «ФIыуэ сыкъэлъагъуэ». Хьэуэ! Лъагъуныгъэр - кьыщыепхракьым, уэ зыгуэр щыбгуэщыфым и дежщ. Армыхьумэ: «Сэ сыхэзыхуейм хуэдэу хьу!» - жаIэмэ, ар лъагъуныгъэкьым. Сэ уэзэрыщытым хуэдэу уэолъагъу. Сэ си псэм дыхьэу зыгуэр иджыпсту пхэпщ. Репетицэм зыгуэрым сигъэбамIэмэ, Отеллэ ещхьу, стхьэлэн хьэзыр сохьу. Ауэ а иджыпсту сызыхуэмыарэзым шэч кьытезмыхьэу апхуэдизкIэ фIы куэд хэлщ, ильэс бжыгъэкIэ дыхьэрыхьэдэлэжьам си фIэщ ящIауи, а щIэныгъэр Отеллэм токIуэ.

- ФIыуэ плъагъуэ е укьелъагъужри кьызэрэпхущытымкIэ уехьэху е езым и щытыкIэр уигу ирохь. Уэ дэтхэнэра нэхь тебгъакIуэр?

- Сэ апхуэдэу схуэзэдзыну си гугъэжьым. Псальэм папщIэ, Темыркъан Борис и дуней тетыкIэр сигу ирохь. Ар хуиту мэгупсысэ, пэжу кьилыпIэр жеIэ, зыгуэрым зыдигъэшу, фIэмыкьабыл ищIэрыьм. ЩхьэхутщI. ИгукIэ пщыщ ар. Абы сохьуапсэ, сэри сыхуейт апхуэдэу сыщытыну. Ар пагагъкьым - псэм и щытыкIэ уэнышэщ. Зы хьуэскIэ гуэр кьыхихьыу зыхьысэощ, бгъунапкъэ зимыIэ дахагъ гуэр.

- «Пщыщ, и щхьэ пщIыпытэжьр?» жыIоIэ. ЦIыхум «мыр адыгэщ» хужьпIэфын щхьэкIэ, мыхьэнэ нэхъ зиIэу зыпсыпытэр ара?

- «АдыгэлIщ» зыхужебгъэIэн щхьэкIэ, «адыгэ» псальэр кьыумыгъэсэбэпыщэу, ар Iуэхухlэ, лэжьыгъэкIэ кьэгъэльэгъуэн хуейщ. Хабзэр, псальэм папщIэ.

- Дауэдапщэхэра зи гугъу пщIыр, хьэмэрэ зэхэтыкIэм и купщIэра?

- КупщIэращ. Дауэдапщэхэр зыгъэльэпэгъуэным тещIыхьауэ арац. Абы куэдыуэ хапщащи, кьыхэнэжьауэ сщIэркьым. Зы хьэгъуэлIыгъуэ уэзрыкIуэу уольаегу ди Iуэхур хьэлынщагъэм зэрыхуэжьуэпаж.

Мы Iэмэпсымэщ1э кьежьажэр цIыхум зыкIэ кьытогуплIэри, гуэвэгъуэщ ар. Сурэтым игъэтIысхьа дунейI Iэрыщ1 гуэрым щыпсэуфэ нэхъ кьащIэу, хьэщ1 нэхъыбэр. Сэ фIым сыщыгугъ си хьэщ1, ауэ мыбдежьым си гур сфIокIуэд. Тыркум сыщыIат зыгъи, абыкIэ адыгагъэр нэхъ щахьэмуаэ кьысфIэщIащ: щхьэж кьыпIыкIэр ищIэжу, цIыхухьу-щIыхуб зэхуэщытыкIэр дахэу зэблахьыу, АбыкIэ хьэгъуэлIыгъуэр, ди дежкIэ нэхьыбэм зэрахбэм хуэдэу, ефэныкIэ ныбэ кьунымрэ тещIыхьакьым. Уи кьэухьыр кьэбгъэльэгъуэным, дахэу укъэфэным, кьэщэн кьэбгъэтыным нэхъ тегъэщIащ. Хасэм щызэхуосри мэуэршэр, жаIэмрэ зэхахьмрэ пэж гуэр кьыщалъхьуэу, гушыIэ дахэхэр зэхьбох щIэбзищ яIэу, щхьэж и уасэр сэтей мэхьу. Арац адыгэ зэхэтыкIэ жьхьуаIэжьыр.

- Уи Iэщ1агъэр сэбэп кьыпхуэхьунукъэ уэ узыхуей зэхэтыкIэр гъащIэм кьыхэпхьэныкьмкIэ? Тедтыр щIыщIэр ара? Ди дежьуэ гуэрщ.

- Зэгуэр сэри сыщIэхьэпсу щытащ абы. Дуней псом захуагъэр щытепщэу щытыну сыхуейти, япэ щыкIэ пэжым срителльхэу, фIыр ейм тезгъакIуэу прокуратурэм сыщылэжьэну сыхуеящ. ИтIанэ ардыдэр театр теплъэгъуэкIэ гъащIэм хэсщIэфыну кьыксфIэщI хьэщ1у.

А сихьэт - сихьэтрэ ныкьуэрэ театрепльыр сэ щызэригъусэм ар Iей гуэрым щыхьэмащ жысIэу сегупсысыт. Кьызэпльыр фIы гуэрым зэрыхуэзэунэтIым щхьэ кьытесхьэрэтэкьым. Иджыпсту театр гъуэзджэр гъащIэм кьыкIэрыхуауэ фэ изопльри, си тIыпIэпжэр згъэзэщIэфынэм нэхъ дзыхьмышIу сыхуящI хьэщ1. Ди драматургиер зэрымыкьарууфIэр зы, театрыр мылькунш зэращIар тIу. Театрыр тельыджэлажьэу щытын хуейщ. Факьыгарэгъэ тельыджэлажьэкьым. Нобэ кьежьа Iэмэпсымэхэм театрыр ирамыгъэкIуэтын щхьэкIэ, нэгъуэщI мыхьэуми, ахъшэ етын хуейщ. Сыт тфIэжьуэдыр, цIыхур теуиэ жьпIэнщ. Езы цIыхур, театрепльыр тфIокIуэд.

ЕджапIэм докIуэри, спектаклыр зэхэфыщIауэ кьыдогъэльагъэ, нэгъуэщI Iэмал дIэжьыми. Артистыр кьызэрыувэ сценэм и щытыкIэм, абы нэху зэрыгридзэ щыкIэм, езы театрепльыр зыщIэдгъэтIысхьэм, зыщIгъэтIысхьэ гупым - псоми мыхьэнэ яIэщ. Совет зэманым макьамэ оркестрыр заводкъэм яшэурэ лэжьакIуэхэр абы щрагъэдаIуэу щытащ. Е езы лэжьакIуэхэр театрым кьаштэрт. ЛэжьакIуэм «хьэндырабгъуэ» пщэдьдь дэпIуэуаждэм и жьантIэм зэрыдэпшэрэд абы и мыхьэнэр. А жьантIэм ар апхуэдэу ину щыкIинмукьым, кьыщыхуга щIыпIэм ар нэгъуэщI зыгуэр хьуауэ кьыщIэкIыжьыщ. Езы артистхэми заводым и лэжьакIуэхэм пщIэ нэхъ хуащI хьурт. ЕджапIэхэм мы ди кIуэжьэмкIэ дгъасэу кьыгтфIащ сабийри тобгъкIуэд, балигъ хьуа нэужь театрым кьимыгъэзэжьину дощI. Ар кьыдэтхьахьну фыдхуейжэ, пэж дыдэу, тельыдджэ, зыщIыпIи щymыльагъун дахагъэ уэзыгъэльагъу театр дыхуейщ. Унэ ухуейщ, спектакль щыбгъэльэгъуэну мыемыкIуу. Ухуеймэ, Iэфыкьэ щыгъэуэ, компьютер джэгупIэкэр щIэгъэувэ, ауэ абы цIыхухэр кIуэну гукьыдэж яIэу, зэманым декIуу, уигу хэхьуэу ущIыхьэу театр дыхуейщ.

Артистым и улахэр хуримыкIу зэпытмэ, Iэщ1агъэм и пщIэр ехуэхмэ, кьыкIэльыкIуэ щIэблэр кьоС щэнышагъэр кьыздехьри - «Фыкьакьуи фышхэ» - афIэкIа зэхэзыхьну хуэмей дзэ фIыщIэращ зи гугъу сщIыр.

- ЗэхэтыкIэр зэпхьэ жьыпIэу ара, хьэмэрэ артист щIэблэр уигу хэзымыгъахьуэ защIэ?

- ТIури зэпхащ. ЦIыхур тIху кьыпхуэгъэпщIунэкьым. Iэ кьопльрэ игу уримыхьмэ, кьигъэзэжьнукьым театрым.

- Сыт артистым нэхьыщхьэу хэлъын хуейр?

- Талант.

- Талантыр Iыхьитlу зэхэльщ: Iэзагъэр цIыхугъэрэ.

- ФIыгъуэшхуэщ, тIури зэхэльмэ. Ауэ, зэрыжаIэщи, акьылыр ныбжьым и гъусэу кьоIуэу, ауэ нэхъыбэм ныбжьыр и закьуэ кьос.

- УцIыхуфIу зыкъэплъытэжьр?

- Уей, сымыIей, ауэ нэхъыфIэ сыхъуарэт жьысIэ зэпытщ.

- Апхуэдэу хэти хужьIэнущ.

- Пэжщ, ауэ сэ сызэнякьуэкъун хуей си хьэл мыгъуэхэр сощIэ. УзэпэщIэтынур щIэмэ, пщIар кьыхущытэж зэпытмэ, фIы ухъуну гугъэ щыIэщ. Гугъэм и закъуэкьым - Iэмали уиIэщ.

- Театрым цIыхур нэхъыфI ищIыфынну кьыпфIэщIэ, хьэмэрэ и зэш тригъэу кьудейуэ ара?

- Совет хэм цIыхум гъэсэныгъэ хэльхьэныр япэ нэхъ ирагъэщ щытащ, ар тегъэуи зэрыхуейм нэхърэ. Иджыпсту мылькур кьыхэзремэщIэкIым кьыхэкIыу, театрыр тегъэунымкIэ нэхъ йобэ. Ари фызаждкIэщ. Ауэ ар гупсыс куум ухуэзыщ гъуэзджэ льагъкьым. Сыдыхьэшхащ, си нэгу зиужьащ, ауэ сызэгупсысыжьакьым. Узыгъэгупсысэ пьесэхэр - ахэр уз зэрыщIалъ кьэзыгъэувыIэ, цIыхухэм Iэмал имыIэу халъхьэ мастэхэм хуэдэщ. Кьэралым иджыпсту: «Фызэрыхуейуэ фыпсэу, дэ улахуэ фыдот», - жеIэри, и щхьэр хех. Кьэралым и цIыхур зэпIлыпIхьэр кьыхихьыфIи хуейщ, театрми жэуапIныныгъэ гуэр зэрихьэр кьыгурыIуэжу.

Зы зэман Абхъаз театрым студентхэр иригъэблагъэр зэщIэнщэу иригъэпльу щытащ и спектаклхэм. Студент псори театрым кIуэрт, ар хабзэт. Ущылжьэнуи пщIэ пылт, щыджэгуэхэри талант зиIэ защIэт. Лъэпкъыр цIыкIуми, театрыр инт, куржы льэпкъыншхуэм и театрыр зытрамыгъакIуэу. Ноби Абхъаз театрым кьытекIуэнIаэу си фIэщ хьурккьым.

**- КъыкIэлъыкIуэ упщIэр Чеховым кьыбгъэдокI (*сыкъоджэ*): «СщIэркьым сэ театрыр ильэс 50-100 дэкIмэ зэрыхьунур. Ауэ иджыпстурей Iуэхухlэ ар зэштегъэупIэу фIэкIа щытыфынукьым. А зэштегъэур льапIэуэщ, адэкIи кьэбгъэсэбэпын хуэдэу. Зи щIалэгъуэ зыхухьуэхэмэ цIыхубзхэмрэ, узыншэхэу, хэльэт яIэхэу, мин бжьыгъэкIэ кьэралым фIегъэкIуэд абы. Театрым я гъащIэр трамыухуамэ, ахэр дохутырыфI, мэкьумэщыщIэ, егъэджакIуэ, офицерыфI хьунут. ЦIыхуэм пщыхьэщхьэхэр яIэщIокI - акьылым зебгъэзэжьыну, ныбжьэгъуэм уадгъэрпэзрыну нэхъ зэманыфI дыдэр. Сэ и гугъу сщIыхxэркьым мылькумрэ хабзэмрэ я льныкьуэкIэ театрепльым игъуэт щыщIэныгъэм - лIыкьыр, зинэр, пцы тельхьэныр пхэнжу сценэм щыпхагъэкIыну щыхэтым и деж».

- Антон Павлович ди улахуэм и мащIагъымрэ ди Iэщ1агъэм и пщIэр зэрехэхьэнымрэ и пщIыхьэпIи кьыхэхуэ хьунтэкьым. Абы си гугъу ищI дохутырыфI, егъэджакIуэфI, офицерыфI кьызыхэкIыну артистхэр махуэ кьэс нэхъыбэ мэхъу. Адрей псомкIи шэч кьытезмыхьэжу сриакьыплэгъуэ.

- Ар жьзыIэр театрыр фIыщIэу зымылъагъу лIыхъужьращ. НэгъуэщI ильэс кIи щыIэщ (*сыкъоджэ*): «Театрыр иджыпсту зэрыщытым хуэдэуи, еджапIэхэми, тхьлъхьэми, дунейм тету хьуа псом нэхъри нэхъ льагъэщ. Ар гъуэзджэм и кьудамэ псори зи закъуэ кьызэщIэзыбыдэ кьаруш, актерхэр - лIыкIуэхэщ. Сценэм хуэдэу пэжу кIи льэщIу цIыхупсэм зригъэужьыфыну хуэзфIэкIынукьым зы гъуэзджэ кьудамэми, зы щIэныгъэми. Араш къэрал кIуэцIым актер кьызэрыгуэкIыр щIэныгъэлI нэхъыфI дыдэм, сурэтыщIым нэхьри нэхь щIыщIыпIэуэр. Сценэ лэжьигъэм хуэдэу уигу хэзыгъэхъуэн, удэзыхьэхьэн Iэнатlи щыIэкьым».

- ЦIыхур дакьикъэ бжьыгъэкIэ фIэкIа зыхимыуБдэ теплъэгъуэм етхьэкьу, хельафэ. Сэ езыр абхъазхэм я спектаклхэм сыщеплъкIэ зыхьзощIэ ар. Абы сыкIуэмэ, критикыр «сэлIыхьырти» театрепльэ сыхьужьырт. Дэ ди спектаклхэм сыщеплъкIи сыхуейт апхуэдэу сыхьуну, ауэ «си критикыр» псэ быдзIуэу кьыщIокIри, хьэлэну сригъэплъыркъым спектаклым.

Ильэс пщыкIутху-пщыкIуэ сыхьуу «Гамлет»-м сеплъауэ щытащ. КьысщыщIар щIэрэтэкьым. КиногъэльэгъуапIэм сыкьыщIэкIыжри, унэм сымыкIужу сыхьэти-сыхьэтитIи кьэскIуэщ.

- Смоктуновскэрат джэгур?

- НтI. СыкъигъэуIэбжьат. Асыхьэтым кIуэдыжьким гуэртэжьым ар. Спектакль кьыщIдгъэльэгъуам дежи сольагъу кьаэзрыщIыхьуар: зыр троллейбусым сыкьыкIэроху жеIэри мажэ. Адрейр: «Фыпсэу, си кьуэш щыкIуэх?» - жеIэри Iупхьуэр ирадзыхьжьыным поплъэ IумыкIыжьыфу. Абы кьикIыр щым адрейр кьыдгурыIуауэ араш. Си лэжьыгъэр щIэзгъэзащIэр зыхиущащ апхуэдэ театрепльым. Нобэ республикэм щекIуэжI Iуэузыауэхэм сыщегупсыскIэ, сэри зыгуэрКэ сыкъуанышэу зызобжьыкь. ЗыщIыпIэ деж театрепльыр сэрэ дызэфIэкIуэдри, абы и гум зыгуэр нэзмыгъэсу кьэнащ, жьысIэр и фIэщ мыхьуж зыщащ. ЦIыхур гуартэм хэтын хуейкьым, гупсысэн хуейщ. Мыбыкъ жэ жаIэмэ, щIэмыпхъуэ щыкIэ егупсысыпхьащ: «Дэнэ сыздэжьэр? Сыт сыщIэжэр?» жиIэу. Лажьэ зэмыIэ дапщэм лей кьатехьа! Ауэ сэри сыкьуанышэщ абыкIэ.

- «Диккенс и тхылъ кьеджам кIэрахьуэ кьищтэу кIуэуэ цIыху нукIыну тIэкIу нэхъ кьехьэлъэкIынущ, абы кьемыджам нэхьрэ», - жиIауэ щытащ Бродский Иосиф Нобель и саугъэтыр кьыщратым щыгъуэ.

- Познер и нэтыным щIалэ цIыкIу гуэрым и гугъу щащIащ зымахуэ: кхъуэ фIагъэжьнурати, «Кхъыlэ, сэ фIэзвгъэгъэж!» жиIэуэ лъаIуэрт. Сэр Iэщ1алъхьэри... еуэфакьым. А «Диккенс» нэхъ пасэу кьицIалат абы игури, и нэм щынэсым, гущIэгъур кьытекIуэщ. Дэ кьытIэлъыкIуэ щIэблэм зыгуэр яхэмыльмэ, ар ямыльэгъуауэ, дэ зыхедмыгъэщIауэ зрахьри, дэрэ дыкьэнащ. ДиIа псоми зэуэ ди щыIб яхуэдгъаэзри, цIыхум плъапIэ ямыIэжу кьэдгъэнащ. Щремыlэ социализм, ауэ дэ дыпсэущхьэкIэ, дыцIыхуэ. ЦIыхур нэгъуэщI цIыхум еплъ ирэщI зэрызиужьыр. Сэ пашэ сымыхьункIи хъунщ, ауэ жиIэр си фIэщ хьууэ сызыдэпльеин гуэр симыIэу хьунукьым.

- Уэ уэ хэт жиIэр уи фIэщ хьурэт?

- Си адэ-анэм жаIэр. Ар лъабжьэщ. Си анэр си адэм ехьурджажэрт: «Уэ убугхалтер нэхьыщхьэщ, хэт мыпхуэдэу псэур?» - жиIэуэрэ. Ди адэм: «Лъэжьапlэм кьикIыжу хэт Iэфlу жейр?» - кьыжриIэжырт. И щхьэр щхьэнтэм зэрьгтрилъхьэри Iурихырт. Уумейр кьыумыщтэныр, умыфыгъуэу фIым ущIэхьэупсыныр - ахэр кьежьапIэ жьыхуаIэращ, гъащIэм и кIыхьагъым укьихьумэу. Тхьэр си фIэщ мэхьу схужьIэнутэжьым сэ а зэманым, ауэ кьаруу лъэщ гуэр зэрьщыIэм шэч кьытесхьэртэжьым. Ари згъэнэхуащ. Зэгурым си ныбжьэгъуфI сымаджэ хьуауэ абы зыхуэзгъэзащ. Хьужмэ, мыр сщIэнщ жьыСэуэрэ сельэIурт. ЛIэн-кьэнэнт, ауэ хьужащ. Абы кьару гуэр сэри кьисхильхьащ. Пхэнжу сыбгъэдэхьакьми сщIэркьым, ауэ езы пэжыр абы и фIыгъэкIэ кьыслIэрыхьащ. Псорри апхуэдэ дыдэу лейкьым.

- Уи спектаклым зэи щIэмысам сыт жепIэнт?

- Емыфэхэм фадэр зэрыейр жеепIэкIэ сыт и мыхьэнэр? Театрым кьэмыкIуэхэр я щхьэ йодыгъуэж. Епль, хэлэбэ, ерыскъыу уи пащхьэм ильащ, Iэфми пщIэркьым. «Зыгуэрым сыхигъэзэхьри сыкьишащ, игъащIэкIи сыхуэмейуэ. Си гъащIэр згъэкIуащ мыбы сыкъэмыкIуэрэ?» - жиIащ зыгуэрым. Аращи, чэнджэщ язот: фIыкIуэ, фепль. Фигу иримыхьэр - фIэзэрыщытащ фыкьэнэжащ. Пивэ ефапIэм щывгъэкIуэд сыхьэтищым кьыхэжьыжькьым ар.

- «Газета Юга»-мрэ «Адыгэ псальэмрэ» дэтхэнэр нэхъ уигу ирихьрэ?

- Ар си гур зыщIэуэ гурэщ, схуэзльытынукъым ахэр. Хьыбар кьекIуэкIэр кьэпщIынэм теухуауэ, дауи, «Газета Юга»-р нэхъ кьызощтэ. Ауэ цIыхухэм я сэбэпынагъ нэхъ зыхэльыр жыпIэмэ, щэч хэмыльу - «Адыгэ псальэр». Ар анэдэлъхьэщ, мамэ сыщыцIыкIум кьызэрызэпсэльа бзэкIэ тхащ. Сэ батэр згъэшакьым: си диплом пльыжьым зы «плIы» адыгэбзэмкIэ итщ. Щукиным и цIэр зезыхьэ училищэм Къумахуэ-профессорыгат адыгэбзэм дыщыхуезыгъадэжр. «Мы» итщ: «тхуэхэм» нэхърэ куэдкIэ нэхъ льапIэщ си дежкIэ», - жеслуэ щытащ.

Iутlык Борис и «Тыргъэтауэм» «я хьурэзэхэр ирадзыхауэ» жиIэу хэтт. «Уарэ, мыбы кьикIыр сыт?» - согупсыс. «Якорь» кьикIыу арат «хьурэзэм». Пьесэ кьэс псальэщIэ кьыщысщIэрт. Мы уэрамым дэтхэм яIурыпыр адыгэбзэкьым. Теубзэк Сультlаин жиIауэ: «Ей, уу!». Мор - бзэт! Кууу, дахэу! Мис абы узыIэпеш. Ильэс тIощIрэ тхум щIигъуащ Iутlык Борис и «Хьэцацэ дахащэр» зэрыдгъэуври, напитхэу хьу монологыр жеIм я нэхъ куум сыхэту сыкъэбгъэушми схужьIэнущ.

- Кьэлlэ, гуIэфIтещIэж папщIэу кьыджеI?

- Сэ си цIэр Хьэбашэщ, Пластэмышхэ сарейщ, Хьэщ1эрей си адэщ, Шхьадэрей си анэщ. Ди анэр кьыщамышэм, Ди анэшым сушIагъэщ, Кьущхьэхьу сыщIагъэщ. ДыгъуаСэ, пасэ зэманым щыгъуэ, Шы гуартэр згъэхьуу, Кьущхьэхьу псыхьэу сыдэту, Хьэлэмэтыр кьэхьуащ. Кьэхьу псорри кьыщIыхьр Кьэхьун кьиуа нэужькьэ-тIэ? НтI э, Кьэхьуну сыкьэплъагъур кьиущ, Шэрэджу сыкьэплъагъур ирихьэжьэщ абыжкми, КьакIуэр, кьалъэуэр, Зы бжьыдзэм ирихужьащ. Ирихужьар гужьеяуэ кьэзльатэщ абыжкми, Хьуэмпlэ жиIэри си пыIэжэм ирихьэщ. Кьыштетlысхьар Iуэхут? Кьыштехьэльащ. Кьыштехьэлъар Iуэхут? Кьришэхащ. Кьримышхэу дзнэ кIуэн? Бжьыдзэм и пэнцIывым зыв тетт. Вым и тхьцIэм пыл тетт. Пылым и щхьэм - Iуащхьэ, Iуащхьэм и щхьэм - бгы. Бгым и щхьэм - кьурш, Кьуршым и щхьэр уафэтэкъэ? - Мис аращ анэдэлъхьбзэ жьыхуаIэр!

Епсэльар

ЧЭРИМ Марьянэщ.

Балькъэр Юрэ. *1994 гъэ*

Советскэ кьуажэм гъэзджэм и лэжьакIуэхэм я зэIущIэ щокIуэкI. Абы хэтщ режиссер цIэрыIуэ Ерчэн Леонид, Совет районым и унафэщIым и кьуэдзэ Рэмэзан Раисэ, артист Балькъэр Юрэ. *1985 гъэ*

«Эзоп» спектаклым щIидзэным дакьикъэ бжьыгъэ иIэжщ. Балькъэр Юрэ Ксанф и ролыр игъэзэщIэнущ. *2004 гъэ*

● ЩIДАА-м и академикхэр

Абазэ къэхутакIуэ нэс

И лъэпкъым и бзэщIэныгъэм зегъэужьным илъэс куэд хьуауэ хуэлажьэ щIэныгъэлIщ ПIаз Сергей. Филологие щIэныгъэхэм я кандидат, Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым щIэныгъэ-хэхуэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и проректор, ЩДАА-м и академик ПIазыр ящIэжьажь нтщ абазэбзэм и лъабжьэр нэгъэсауэ къэхутэным, абы зэрызнужьа щIыкIэхэр наIуэ къэщIыным.

Профессор ПIаз Сергей

ПIаз СергейI Умар и кьуэм щIэныгъэ куу зэрыбгъэдэлъыр фIыуэ ящIэ кавказзыбзэхэр зыдж еджагъэшхуэхэм. Араш абазэбзэм и фразеологиер япэу къэзыхутар, абазэбзэр еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщIагъэджыну пособиехэмрэ бзэщIэныгъэхэмкIэ программэ щхьэхуэхэмрэ зэхэзыльхьар, къэрал хабзэм тету, абазэбзэр щIэблэм егъэщIэнныр кьыязэныгъэпэщIар.

Профессорым иригъэкIуэкIа кьэхутэныгъэхэм я фIыгъэкIэ, фразеологиер еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщIагъэджыну программэм хагъэхьащ. Абы и щIэныгъэ кьэхутэныгъэхэмрэ и методикэкIэ лэжьыгъэхэмрэ пльажьэ хуащIащ абазэбзэм и фразеологиер курыт еджапIэхэм зэрыщIаджыну Iэмалхэм. ПIазым и тхылъ куэд кьыдэкIащ бзэм и хабзэхэр кьэхутэным ехьэлIауэ, абы зэрыхурагъэджэну методикэм тепсэтыхьэу.

Къэрэшей-Шэрджэс къэрал университетым зэрыщIалажьэм хуэдэурэ, ПIазым зэхилъхьащ «Абазэбзэм и фразеологиер», «Абазэбзэм и практическэ стилистикэ», «Кавказ бзэщIэныгъэм и лъабжьэр» лекцIэ курсхэр.

Аспирантурэр кьыззрызэрагъэпэщрэ ПIазыр я щIэныгъэ унафэщIыр абы щеджэ куэдым, кавказыбзэхэм елэжьын Iэщ1агъэлIхэр егъэхьэзыр. ПIазым хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ абхъаз-адыгэбзэхэм я гъэпсыкIэ Iэмалхэр джыныр. И къэхутэныгъэхэмкIэ абы кьыигъэлъэгъуэн хуэзфIэкIащ бзэхэм щызекIуэ хабзэхэр, зэщхьэщыкIныныгъэхэр, зэтехуэу яхэтхэр.

ПIазым и Iэдакъэщ1экIщ щIэныгъэ, методическэ лэжьыгъэу 120-м щIигъу. Абы и фIыгъэ зэпхьэ 1992 гъэм университетым аспирантурэ, 1997-1999 гъэхэм УФ-м щыпсэу цIыхухэм я литературэмкIэ диссертационнэ совет кьызэрызэрагъэпэщам.

Кафедрэм и унафэщIу, щIэныгъэ-кьэхутэныгъэ Iуэхухэмкlэ проректору щыткIэрэ, абы хуабжьу Iэкlуэльакlуэу, хуэIуэзу лэжьыгъэхэр иригъэкIуэкIащ. Ар хэтщ щIыналъэ, урыгеиПсо, дунейпсо конференцхэм, диссертационнэ советым, зэреджэ методическэ тхылъхэр кьыдэгъэкIынымкIэ редакторщ. Абазэ алыфбеймрэ орфографиемрэ егъэфIэкIуэнымкIэ комиссэм и тхьэмадэм и кьуэдзэу, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и министерствэм иIэ еджэныгъэ-методическэ советым и унафэщI Iэнатlэр кьыхуагъэфэщащ щытащ.

ПIазыр 1997 гъэ лъандэрэ ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиемк и академикщ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.

ЩIэныгъэлIым и кIэн щIэту кьыдагъэкIащ монографие 50-м нэс - щIэныгъэ-кьэхутэныгъэхэр зи лъабжьэ тхыгъэхэр, тхылъхэр. Абы и жэрдэмкIэ кьыззрагъэпэщащэу мэлажьэ абазэ лъэпкъым и тхыдэр, бзэр, щэнхабзэр джынымкIэ тхыгъэхэр щагъэхьэзыррэ кьыщыдагъэкIыу кьудамитI: зыр - абазэ кьуажэхэм я тхыдэмрэ кьекIуэкIыкIамрэ тепсэльыхьу, етIуанэр - абазэ лъэпкъым кьыхэкIа цIыху щэрыIуэхэм, щIэныгъэлIхэм ятеухуауэ.

ЩIэныгъэ-кьэхутакIуэ лэжьыгъэм и мызакьуэу, ПIазыр КъШР-м абазэбзэмрэ литературэмкIэ и методическэ советым и тхьэмадэщ, абазэбзэр джыным теухуа программэм елэжь гупым и унафэщIщ, КъШР-м и «Абазэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадащ, абхъаз-абазэ лъэпкъэм я дуней псо конгрессым и вице-президентщ, акмеологическэ щIэныгъэхэмкIэ лъэпкъыбзэ академием и член-корреспондентщ, Санкт-Петербург къалэм Информатизацэмкlэ и лъэпкъыбзэ академием и действительнэ членщ, Евро пэм естествознаниемкIэ и Академием и действительнэ членщ.

БЕРД Заудин.
Карачаевск къалэ

Апхуэдэщ Шорэ Ибрэхьим

Педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Адыгэ Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Шорэ Ибрэхьим Iэсхьэд и къуэр 1924 гъэм къыщалъхьуащ Къузшхьэблэ куейм хыхьэ Блашэпсынэ жылэм. Курыт школыр кьнуэ нэхъыщ, щIалэщIэр Хэку зауэхуэм дэкIащ икIи лIыгъэрэ хахуагъэрэ кьигъэльагъуэу абы хэтащ.

ЕДЖЭныР си гум илъ Ибрэхьим зэуэ нэужькьм щIэтIысхьащ Тэн Iус Ростов къалэм дэт къэрал университетым икIи ар ехъулIэныгъэкIэ кьиухащ, тхыдэдж Iэщ1агъэри зригъэгъуэтащ. Илъэс зыбжанэкIэ курыт школым тхыдэр щригъаджа, республикэм и школхэм я инспектору, егъэджэныгъэмкIэ куей Iэнатlэм и унафэщIу лэжьа нэужь, Шорэр егъаджакIуэу ирагъэблэгъащ Адыгей къэрал университетым. Бгъэдэлъ щIэныгъэ куумрэ зэфIэкI инымрэ лъагэу яIэтащ Шорэр: егъэджакIуэ нэхъыжьу щIэзыдзар, куэд дэмыкIыу, хуащ1у доцент, кафедрэм и унафэщI, профессор. Адыгэ лъэпкъым я педагогикэмрэ этнопедагогикэмрэ я тхыдэхэмкIэ курсхэри иригъэкIуэкIащ.

Пушкин Александр и цIэр зэрихьэу Тбилиси дэт педагогикэ институтым 1970 гъэм Шорэм щыпхигъэкIащ и кандидат лэжьыгъэр. Иужькlэ, 1994 гъэм, абы утыку кьрихьащ и доктор диссертацэр икIи ар пхигъэкIри, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор хуащ.

Шорэ Ибрэхьим и кьалэмыпэм кьыпыкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэу 30-м щIигъу. Ахэр ятеухуащ адыгэ лъэпкъ педагогикэм, лъэпкъ гъэсэныгъэм. Апхуэдэжьэу, «Эстетикэ гъэсэныгъэмрэ адыгэ Iуэрыlуатэмрэ», «Адыгэ лъэпкъхэм я этнопедагогикэр», «Урыс-адыгей псалъалъэ», нэгъуэщIхэри.

ЩIэныгъэм и зыужьныныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэм папщIэ, 1990 гъэм Шорэ Ибрэхьим кьыхуагъэфэщащ Ушинскэм и цIэкIэ щыIэ медалыр.

ГЪУКIАКЪУЭ Идар.
Мейкъуапэ къалэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Хэт узыдэщIынур?

● Футбол

Топджэгум мыпхуэди кьыщохху.

Бажэ Амир (№9) ебгъэрыкIуэну хьэзырщ.

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Салют» (Белгород) - 0:0. Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 17-м. ЦIыку 2500-рэ ещIащ.

Судьяхэр: Рогулев (Ломоносов), Дуденков (Петрозаводск), Гречишкин (Санкт-Петербург).

«Спартак-Налшык»: Коченков, Багаев, Джудович, Захирович, Засеев, Коровов (Рухаиа, 46), Замалиев, Щоджэн, Татарчук (Балэ, 80), Сирадзе (Буйтрагэ, 46), Болэ (Дорожкин, 63).

«Салют»: Криворучкэ, Цуканов, Бутырин, Старков, Калешин (Кобенкэ, 46), Ткачук, Кабутов (Шевченкэ, 81), Руа Флорес, Алборов, Москверя Мендосэ (КIурашын, 90), Бажэ (Бурмистров, 90+3).

Дагъуэ хуащIащ: Щоджэным, Захирович, Багаевым, Болэм, Балэм, Бутыриным, Москверя Мендосэ, Руа Флорес.

«ХЭТ узыдэщIынур?», - кьызэупщIащ стадион ихьэпIэм и дежь кьыщысхуэзэ, Нарткьалэ и «Нартыр» етIуанэ дивизионым щыхэтам и тренер нэхъыщхьэу щытауэ иджы КъБР-м спортымкIэ, туризмымрэ курортхэмкIэ и министерствэм и кьудамэм и унафэщI КIуразин Владимир сэлам кьыщызиухым. «Адыгэ нэхъыбэ зыхэтым!», - естыжащ сэ абы жэуап, щIагъбзэ мащIи хэльу.

Си псэльэгъум кьызита упщIэр вэсэпшIхь щытепщэт Налшык и «Спартак» стадионым. Кьэтхуеблэгъар ди хамэ дыдэу пхужьIэнутэкъым - абы и капитант Арщыдан хьуажэ кьыщыгъэхуа, топджэгум и япэ лъэбакьуэхэр Нарткьалэ щыхэзычэу иужькIэ Мэзкуу и «Спартак»-м зыщызыгъэса, абы и щIалэгъуалэ гупым, кьэралым и ныбжьыкIэ командэ кьыхэхахэм я гъуащхьауэ пашэу къэкIуэкIа Бажэ Амир. Балигъыпlэ иувэу хамэ щIыпIэхэм кьраша футболистхэр тегъэщIэн зыщIа «Цыхубэ командэм» лей кьыщыхъум, бэрэжьэу адэмыдэкIэ иратащ икIи, икIэм-икIэжьым, Белгород кьыщыдзэтеуфыщащ. Дауи, кьыщалъхуа щыналъэми абы кьыщыщIэупщIакъым. Премьер-лигэм щыхэтым «Спартак-Налшыкми» и пщIэр зыхъумар нэгъуэщI кьалэхэмрэ кьэралхэмрэ кьыкIахэрщ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, а Iэхъу бгъэдыхьэкIэм Къэбардей-Балъкъэрым и лъабжьэр щIилъэсыкIащ икIи нобэми ар нэсу Iэщыбэ яхуэщIыкрыкым.

Бажэ Амир кьыщынэмыщIауэ, Белгород кьыкIахэм яхэтт Адыгэйм щыщу Володя и унэкъуэщI КIуразынхэр зэрыгушхуэ я щIэблэщIэхэм ящыщ Азэмэт. Абыи и гур зэрыхуэмыгъуэр гурыIуэгъэ «Нартым» и тренер нэхъыщхьэу щытам.

А псом ищIыIужрати, «Салют»-р Налшык къишат ар зи Iэмыщ1эм ирапхъха, нэгъабэ «Спартак-Налшыкыр» кIуэцIрыызгъэхуа Ташу Сергей. Стадионым къриха1эхэр абы фий макьмкIэ IущIащ, адэ ягъэ щIалитIым Iэгуаеу ин хуаIэтащ.

Джэгур зэрекIуэкIам и гугъу щIэпщIыщэн щыIэкъым. Ар удэзыхьэхьу щытатхъым. ЛъэныкъуитIри нэхъыбэу зыхущIэкъуар топ кьыззэрыхудмыгъэхьIыныгъ. Пэжщ, ди щIалэхэм ящыщу Щоджэн Мэрат мызэ-мытIэу Iэмал хьарзынэхэр иIащ. ХьэщIэхэм Бажэ Амир зэрапашэр нэрылъагъуат. Ди лъахэгъури кьыззэрыхэжаныкIыфынур зэтэкIым, ауэ кьыщысхьауэ кьыщIэкIынущ. Сытми, Щоджэнымрэ Бажэмрэ яхэмытащ. Джэгур щымыIэхъауэ пхужьIэнут. Адрейхэм я лъакъуэм хьэлъэ фIащIауэ кьрырагъэлъэфыкIыу кьыщыхьурт.

ЗэIущIэр 0:0-у зэриуам абы еплъыну къэкIуахэр арэзы къыщIакъым. Я гур фIы къэзыщIыжар Бажэ Амирщ. Ар кьабгъэдыхьэри псоми фIыщIэ яхуищIащ. МащIэу къадэузрэшэрщ, и футболкэр зыщихри тыгъэ кьахуищIащ. Дауи, стадионым исхэм ар гуапэ ящыхъуащ, IэгуаеэкIи ирагъэжьажащ. Щэч хэлъ- къым ахэр зэрехьэпсар а щIалэр зэгуэр кьытхъхьэжыну. Ауэ Тхьэм ещIэ ар кьыщыхъунур.

Абы щыгъуэми «Спартак-Налшыкым» и хьэрхуэрэгъуэр кIуэ пэтми нэхъ Iэщ1окI. Япэ увыпIэм щыт «Томь»-м иджы ар очкоибгъукIэ, «Уралмрэ «СКА-Энергия»-мрэ очкоитхукIэ кьакIэроху.

Иджы щыгъуаэз фIыхуэтщIынщ адрей командэхэр вэсэмахуэ зэрызэдэджэгуам кьарикIуа бжыгъэхэм: **«Урал»** (Екатеринбург) - **«Химки»** (Мэзкуу область) - **1:0, «Енисей»** (Красноярск) - **«Сибирь»** (Новосибирск) - **1:2, «Металлург-Кузбасс»** (Новокузнецк) - **«Томь»** (Томск) - **2:3**, **«СКА-Энергия»** (Хабаровск) - **«Ротор»** (Волгоград) - **1:1, «Торпедо»** (Мэзкуу) - **«Волгарь»** (Астрахань) - **0:0**, **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **«Уфа»** (Уфа) - **1:0. «Шинник»** (Ярославль) - **«Балтика»** (Калининград) - **0:2.**

КъыкIэпъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Волгоград къалэм щригъэкIуэкIынущ. ФокIадэм и 21-м ди щIалэхэр Iущ1энущ турнир таблицэм щагъынэгъу «Ротор»-м.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым 2012 - 2013 гъэхэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	**«Томь»**	**11**	**8**	**2**	**1**	**25-13**	**26**
2.	**«Урал»**	**12**	**6**	**4**	**2**	**24-10**	**22**
3.	«СКА-Энергия»	11	6	4	1	13-6	22
4.	«Нефтехимик»	12	5	4	3	19-14	19
5.	«Ротор»	11	5	3	3	8-9	18
6.	«Уфа»	11	5	2	4	12-10	17
7.	**«Спартак-Налшык»**	**11**	**5**	**2**	**4**	**10-12**	**17**
8.	«Балтика»	11	4	5	2	13-11	17
9.	«Сибирь»	11	4	2	5	14-15	14
10.	«Енисей»	12	3	5	4	10-11	14
11.	«Торпедо»	11	3	4	4	7-12	13
12.	«Петротрест»	11	3	3	5	10-15	12
13.	«Металлург-Кузбасс»	12	3	2	7	8-13	11
14.	«Салют»	11	2	4	5	8-13	10
15.	«Шинник»	12	2	4	6	6-12	10
16.	**«Волгарь»**	**11**	**1**	**7**	**3**	**6-10**	**10**
17.	**«Химки»**	**11**	**1**	**3**	**7**	**5-15**	**6**

Сурэтхэр **ТОЛГУРОВ Чэлим** трихащ.

Хорым уэрэд жеIэ.

Къэралым и лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щритыну, Премяковым кьыззэхуэсахэр кьыгъэгугъащ иужькIэ кьыщытрагъаззэкIэ адыгэ, балъкъэр уэрэдхэр жаIэну. Апхуэдэуи кьыхихгъэщащ кьэралым и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щыщ щIалэгъуалэ зэчиифIэхэм папщIэ хорым и бжэр зэрыгъэIукар, Кавказ Ищхъэрэм щыщхэм апхуэдэ гукъдэж яIэмэ, я гуапэу зэрыдаIыгъынур...

Пятницкэм и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал цыхубэ академическэ хорым и тхыдэм техуэуаэ.

1911 гъэм и гъатхэм москвадзэхэм я нэм кьыIуидзат афишэ гъэщIэгъуэн. Абы итт гъатхэпэм и 2-м къэралым и кьалащхьэм и пэш нэхьыфIхэм ящыщ зым мэкъумэшыщIэхэм я хорым и концерт зэрыщекIуэкIынур. Воронеж, Смоленск, Рязань губерниехэм я урыс цыхубэ уэрэдхэр зэрыжаIэнур. Апхуэдэуи я тхылъымпIэм кьыщыгъэльэгъуат цыхубэ уэрэд жызыIэ Колобаевэ Аринушкэ пшыхьым зэрыхэтынур.

Макьамэ зэIущIэр гукъинэжу екIуэкIат, Шаляпин Федор, Рахманиновым Сергей сымэ хуэдэу щэнхабзэм и лэжьакIуэ цIэрыпсу куэд кьрихьэлIауэ. Концертыр кьызэрыгъэпэщи икIи абы и унафэщI, цыхубэ уэрэдхэр зэхуэзыхьэсыж Пятницкий Митрофан и екьулэныгъэр кьыщалыта а махуэращ эстрадэм мэкьумэшыщIэ уэрэдыр кьыхэзыхьа урыс цыхубэ хорым и кьежьапIэу кьальытар. АдэкIэ абы зэрызиужьар Іыхьэшхэу зыбжанэрурэ зэхэлIащ, ауэ я нэхъыщхьэращ, лъэпкъ цыхубэ уэрэдым, цыхубэ макьамэм игъуэтын хуей лъагапIэр хуэм-хуэмурэ эIэригъэхьащ, гуэзаджэ нэсым и щапкъэ хьууэ. ИлъэсищIэм кьрирыдIэ эрамым абы и зэфIэкIым хэхъуащ, гупым кьыхуащI пщIэмрэ гулыIэмри мащIэкъым, абы и гуащIэм дихьэххэр дэнэ щIыпIи щыхуэдэщ.

1990 гъэхэм, къэралым и нэгъуэщI гупхэми хуэдэу, хорыр зэхуащIыкьыным зы мащIэт щхэнэжар, къэфакIуэу иIэжыр цIыху 40 кьудейт. Абы и унафэщI къалэныр 2006 гъэм кьызыхуагъэлъэгъуэ Пермяковэ Александрэ и гуащIи и кьаруи еблэжакьым гупыр зэкъуигъэувэжыныжкIэ, лъэщ ищIыжыныжкIэ, артистыфIэхэр зэхуищэсыныжкIэ. Иджыпстуи абы хэтщ къэралым и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щекIуэкIа, урысейпсо, дунеипсо зэхьэзэхуэхэм щытекIуа цIыху 50-м щIигъу. Абыхэм ящыщхэм яIэщ «Хъкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и II нагыщIэр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэхэр. Езы ансамблыр ягъэльэпIащ Лэжьыгъэм и Бэракь Плъыжь, Лъэпкъэм я зэныбжьэгъугъэ орденэкмкIэ, «Урысейм и хэкупсэ» медалымкIэ, «Къэралым и лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэ» саугъэтым и лауреатщ.

Концертым щIимыдзэ щыкIэ, утыкум кьихьащ Фырэ Руслан. «Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэзджэхэмкIэ щIыхьэ зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр Пермяковэ Александрэ зэрыфIащам техуауэ Республикэм и Іэтащхьэ Кьаныкьуэ Арсен Іэ зыщIидза унафэм кьеджащ Фырэр. Апхуэдэуи фIыщIэ тхылъхэр иратащ оркестрым и дирижер Гаврилов Николайрэ артистхэ Кузнецовэ Анастасиерэ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ щэнхабзэмкIэ и министрымрэ хьэщIэхэм тыгъэ кьыхуаIащIащ хорым и сурэт.

АдэкIэ кьыззэхуэсахэм я нэгу щIэкIар тельыджэ гуэрщ. ЦIыхубэ уэрэдым и псалъэ Іущхэр, макьамэ гъэщIэгъуэныр, лIэщIыгъуэхэр зэпызыщIэ щыгъыныгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, лъэпкъ кьафэ гъуэзджэм и курыкъыр, макьамэ Іэмэпсымэхэм я зэщIэжьыуэр - а псори ди цIыхухэм я гукъыдэжьыр кьэзыIэтт. Зыщыгъуаэзэрэдхэмдежьэрт, гупым щыщхэр утыкум кьыкIэхуэ Іэгуаеуэщхэр яIэтырт, «Евгъэфакуэ, афэрым!» псалъэхэр адэ-мыдэкIэ щызэхэпхырт. Гуэхъуэщ гъуазджэм, щэнхабзэм и фIыпIэр кьызыгурыIуэхэм уаэхпIэн кьудейр!

ИСТЭПАН Залинэ.

ЗэIущIэ нэужьым

ТАШУ Сергей, *«Салют»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

Псори фIыуэ сцIыхурт

- СызэригугъэмкIэ, нобэ командитIри зэхуэдэу джэгуащ, - жиIащ зэIущIэ нэужьым Ташу Сергей. - Топ дагъэкIыфынут «Спартак-Налшыкми» «Салют»-ми. Нобэ топджэгу къарзынэ кьэдгъэлъэгъуащ, кърикIуари абы хуэфащэщ.

- Куэд щIакъым уэ «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэу уэзэрыдажьэрэ. Мы зэIущIэм зыщыкъэзгъэхъэщащ ар сэбэн кьыфхуэхьуа?

- Шэч хэмылъу. «Спартак-Налшыкым» щыджэгуэр псори сэ фIыуэ сцIыхурт икIи абы хэтхэм ящыщу хэт сыт хуэзфIэкIыными сызэрыщыгъуаэзэр нобэ сэбэн кьытхуэхьуащ.

ШЫПШ Тимур, *«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

Зы яжьдоIэ, ящIэр нэгъуэщIщ

- Джэгу щымыIами, зы очко кьэтхащ, - кьыщIидзащ и псалъэмакьыр Шыпш Тимур. - ЗэIущIэм и пэ кьихуэу жиIа1эр тэмэму зэгъэзащIакъым. Нобэ топ дэдгъэкIыфынут Іэмал гъуэзэдж щыдIар, уеблэмэ кьыслъхуэгубзыгъэкIыр-къым.

- Я кьарур пэмыльэщу ара?

- Статистикэм кьызэригъэльагъэмкIэ, зэIущIэ къэс километр 12-13 кьыдож, арщхьэкIэ кьыкIыр машIэщ. Зы яжьдоIэ, ящIэр нэгъэщIщ. АдэкIи лэжьэн хуеIуэ аращ - нэгъэщI хэкIыпIэ щыIэкъым.

- Замалиевым и джэгукIэм арэзы укъыщIа?

- Ар етIуанэ зэIущIэм ди гъусэу хэту аращ икIи нэхъ сызыкъуэарэзыхэм ящыщ зыщ.

- Абы щыгъуэми Щоджэныр нэхъ етIысэхащ.

- Замалиевымрэ абырэ зэкIэ зэгурыIуащэкъыми аращ. Марат Захировичым нэхъ есащ, арщхьэкIэ Щоджэнкэ нобэ зэрымыдджэгуам кьыхэзыкIыу, Аднан абы и пIэм идгъэуэн хуей хъури, а тIур зэкIэщIэтчащ. АдэкIэ Захировичыр гъусэ хуэхъужмэ, Щоджэнми дэIэпыкъуныгъэ нэхъ игъуэтынущ.

ТЕМЫР Дисанэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** трихащ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Гъуэгу кьэхъуакъащIэхэр

2012 гъэм фокIадэм и 2-10-эм республикэм и гъуэгуэм кьыщыхъуа насыпышащъэхэм щыхуэм 4 хэкIуэдащ, 3-м фэбжь ягъуэтащ.

Полицэм и лэжьакIуэр хэту

ФокIадэм и 6-м сыхьэт 23-рэ дакьикъэ 15-м КъБР-м щыIэ МВД-м и АТХ-м и шофер, полицэм и сержант нэхъыщхьэ «Тойота-Камри» автомашинэкIэ Бахьсэн кьалэ лъэсырыкIуэм щыжьэхэуащ. Иужьрейр иугъэта фэбжьым кьелакьым.

Іуэхур щыIэхэгъэкIэ полицэм и лэжьакIуэр кьуаншэу кьыщIидзэм, ар хабзэм ипкъ иткIэ жэуапым ирашэлIэнущ, кьэрал кIуэцI ІуэхуэхэмкIэ Іэнатlэм хагъэкIыжынущ. Ар зи нэ1эм щIэт унафэщIхэми ткIийуэ ябгъэдыхьэнущ, я кьулыкъум кьыIуагъэкIыным нэсу.

Игъуэта удыным къелакъым

ФокIадэм и 2-м и жэщыкум Идарым и цIэкIэ щыIэ уэрамым тет унэ №89-м и деж аварие кьыщыхъуащ.

«Дэу» автомашинэр егъэлеяуэ псынщIэу зезыгъакIуэм рулыр хуэмыгъэIурыщIэу, уэздыгъэ пкъом еуащ. Шоферыр игъуэта удыным кьелакьым.

ГИБДД-м кьыззэритымкIэ, гъуэгум кьыщыхъуа насыпшащъэм хэдгъуэ налшыдэсым автомашинэр зэригъэкIуэн зэрыщIидзэрэ мазэ ныкьуэ хьуауэ арат.

Льэс зекIуапIэм щриудащ

ФокIадэм и 4-м сыхьэт 21-рэ дакьикъэ 20-м Нарткьалэ Гъурфым и уэрамым тет унэ №57-м деж кьыщыхъуа аварием зы цыху зэкIуэдащ.

ВАЗ-2107 автомашинэр зезыгъакIуэр бордюрым еуащ. Автомашинэр льэс зекIуапIэм гриIэрэ, 1928 гъэм кьалъхуа цыхубэм жьэхэуащ. Ар а фэбжьым кьелакьым.

Шоферыр рулым зэрыдэтIысхьэрэ мази 7 хьууэ арат.

Гъуэгум тежри...

ФокIадэм и 9-м сыхьэт 13-рэ дакьикъи 5-м Майр куейм кьыщыхъуа гъуэгу насыпишагъэри шоферыр зэрымысакъым кьрикIуащ.

ВАЗ-21120 автомашинэр Прохладнэ - Елькъуэт гъуэгум тету Май кьалэмкIэ здэкIуэм, шоферым рулыр хуэмыгъэIурыщIэу гъуэгубгъум щыт жыгым еуащ. Транспортыр зезыгъакIуэр кьытехуа фэбжьым илыкIащ.

Ар кьыщыхъуа щIыпIэм япэ километрым щыщIэдзауэ 10-м нэсыху гъуэгум щелэжьыр икIи 1,25 «Гъуэгу лэжьыгъэхэр», 3.24 «ЗэрызекIуэ псынщIагъыр км 50-м щIемыгъэгъун», 1.18 «МывэкIэщхь кьыщIедз» гъуэгу дамыгъэхэр щыгъуэрат.

Аварием хэкIуэда шоферыр Кьэхъуэ кьуажэдэсщ.

Цыхуи 3-м фэбжь ягъуэтащ

ФокIадэм и 10-м сыхьэт 17-рэ дакьикъэ 20-м Адыгэ куейм кьыщыхъуа аварием фэбжь хэзыхьа цыхуи 3 сымаджэщым яшащ.

Псыгуэнсу кьуажэм и лъныкъуэкIэ икIыу Старэ Шэрэдж - Жэмтхьэлэ гъуэгум тету «Кавказ» федеральнэ гъуэгумкIэ здэкIуэм, рулым дэсым хабзэр кьызэпиудри, гъуэгум и адрей лъныкъуэмкIэ тельэдащ икIи кьыхуэкIуэ «ГАЗель» автомашинэм жьэхэуащ. Кьуэншамрэ абы и гъусаитIымрэ Нарткьалэ дэт сымаджэщым яшащ.

КъБР-щыIэ МВД-м и УГИБДД-м рулым дэсхэм фигу кьегъэкIыж уэзэрызекIуэ псынщIагъыр гъуэгум и щытыкIэм ехьэлIауэ кьыхэхын зэрыхуейр. Автомобилыр шынагъуэ зыпылъу зэрыщытыр, абы и рулым дэсым гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэр игъэзэщIэнымгулыIэтэ зэрыхуищIыпхэр зыщывмыгъэгъупщэ.

Хабзэхьумэм ефыщIэуащ

Урысей Федерацэм Шэрдэж куейм кIэ и кьудамэм и ОГИБДД-м и и гъуэгу-пльыр кьулыкъум и лэжьакIуэхэм ягубдащ полицэм и лэжьакIуэм зезыщыта ашыщджэрдэсыр.

Ар 2012 гъэм фокIадэм и 10-м сыхьэт 15-рэ дакьикъэ 15-м ВАЗ-2114 автомашинэмкIэ ДПС гупым ябгъэдыхьащ. Административнэ хабзэр кьызэрызэпиудам кьыхэжьIыу, нэхъапэкIэ протокол итхауэ зэрыщытар инспекторхэм язым гукъанэ хуищу щIидзащ.

Табелъ Іэщэр зыIэригъэхьэну хущIэкъуу, и пащдэр иубыдри, ар ГИБДД-м и лэжьакIуэм и нэкIум хэуащ. Абы кьыхэжьIыу полицэм и лейтенант нэхъыщхьэм и кIэрахьэуэр щэнейрэ дригъэуеящ. Быстеуам зигъэпщкIужьыну хэтащ, ауэ ар полицэм ирашэлIащ. Щыжу мамырхэмэ, полицэм и лэжьакIуэхэмэ лей зытехьа яхэтхъым. Іуэхур зэхагъэкI, УФ-м и Уголовнэ Кодексым и 318-нэ статьям кьызэрыщыгъэльэгъуакмкIэ, абы ильэси 10 тезыр кьелэжь.

Лейзехьэхэр яубыд

Урысей МВД-м Шэджэм районымкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэм яубыдащ балигъ мыхьуа хьыджэбз цыкIум лей езыхагъэ.

Кьэхъуар кьызэрищIэу, лей зытехьам и анэм полицэм зыхигъэзащ. Абы зэрыжиIамкIэ, 1998 гъэм кьалъхуа и пхъур, езыр щыпсэу Каменкэ кьуажэм щыщ щIалищым «Нива» автомашинэм ирагъэтIысхьащ. Я гъунэгъу кьуажэм дэт унэхэм ящыщ зым яшэри, лей ирахащ.

Хабзэхьумэрэ а махуэ дыдэм щIэпхъаджащIэхэм я лъэужь тезыхьа. Ахэр 1993, 1992, 1989 гъэхэм кьалъхуауэ а щIыпIэм щыпсэухэрщ.

Къэрал кIуэцI ІуэхуэхмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм Хьыбархэмрэ жылагъуэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и Іэнатlэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЩIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **ЖьэхIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, ЩэщIныдзэ Замирэ, Кьардэн Маритэ, Хьжьыкьарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Иэз.**

КьыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ещIапIэ кьат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудэгъэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхуэ1апIэхэм ядлъжьэныжкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ щысмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджакIуэхэм щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхуэ1апIэм - 42-26-41; сурэтчэтым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхуэгъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зыгъакъэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэныту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитыныгъэр хьэмэныжкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхуэ1апIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэхIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудэгъэ Дышэ1 Соня, редактору ТекIужь Заретэ, корректорхэу Афэ Тамарэ *(2, 3-нэ нап.)*, ПхытIыкI Азэмат *(1, 4-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэпыкьуэгъу Мырзэкан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящащ* Дол Маринэ, Мэзбахьуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Кьарей Элинэ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.102 ● Заказ №2475

● Тэрч куей

Тыгъэм щогуфIыкI

Иджыблагъэ Плановскэ къуажэм дэт амбулаторэм и дэIэпыкъуэгъу щсыщIэм «Газель» автомашинэ тыгъэ кьыхуащIащ.

ЖЫЛАГЪУЭ амбулаторэр нобэ хуэныкъуэщ идкIыгрей зыхуей-зыхуэфIхэмрэ Іэмэпсымэхэмрэ, ауэ зи кьалэныр егупуу кьезыхьэлIэ дохутырхэм я зэфIэкIкIэ щIыхуэм хуащIэн хуей Іуэхутхьэбзэм щыкIэрыхуэрэ кьызэпыуда щыхьэрэ кьыкIэрыкъым. Абы кьыжьIыу мы Іэнатlэмкlэ куэд и уасэщ дэтхэнэ зы дэIэпыкъуэгъуэр.

Амбулаторэр зэрылъжьэну машинэщIэкIэ кьыхуэупсар «Налшык и хьэлэ заводырщ». Заводым и унафIэщI Кьудалы Мухьэмэд еым и Іэкlэ «Газелым» и Іункlыбзэр иритащ амбулаторэм и дохутыр нэхъыщхьэ Тау Эдэ1э икIи екъуэхъуащ жэуапыныгъэ ин зыхэль я кьалэныр дяпэкIи фIыщIэ ин пылъу кьрахьэлIэну.

Заводым и Іэтащхьэм амбулаторэм и щытыкIэр зригъэлъэгъуащ, дохутырхэр зыхуэныкьуэхэри зригъэщIащ. Ахэр кьинэгугъащ дяпэкIи ядэIэпыкьуну.

ШЭРЭДЖ Дисэ.